ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№191 (21.849) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и Іуэхуці

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщу **Меркулов Александр Виктор и къуэр** гъуэгуанэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№107-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщу Меркулов А. В. гъэувыныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым арэзыныгъэ етыным и Іуэхуці

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьулыкъым ягъэувын папщІэ Меркулов Александр Виктор и къуэм и кандидатуру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыхилъхьам хэлъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям (Іыхьэ 1-м и «г» пункт), «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхуці» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 10 статьям и пункт 1-м ямкІ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еш:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщу Меркулов Александр Виктор и къуэр гъэувыныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым арэзыныгъэ етын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№478-II-П

Жэпуэгъуэм и 8-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм зэІущІэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщу Меркулов Александр Виктор и къуэр игъэувын папщІэ, абы и кандидатурэм тепсэлыхьыжьы КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Парламентым къыззрыщыхилъхьам.

ПАРЛАМЕНТЫМ и Тхьэмадэ **Чеченов Ануаррэ** абы и къуэдзэхэмрэ, депутатхэм кьадэкІуэу, зэхуэсым кьрихьэлІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі кьалэныр зыгъэзащІэ **Меркулов Александр,** абы и кьуэдзэхэм я кьалэнхэр зыгъэзащІэхэр, парт зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм ди щІыналъэм щІэз кьудамэхэм я пашэхэр, нэгъуэщІхэри. ЗэуэщІэр кьыззэІуихри, Чеченовым кьыззэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ нобэкІэ кьапэщІыпІ Іуэхуитуэмрэ ар зэфІэхэ зэрыхьуну щыкІэмрэ, Хабзэ екІуэкІым ипкъ иткІэ, Чеченовым псалъэ иратащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщу ягъэувыну ягъэлъагъуэ Меркулов Александр. Зэхуэсым екІуэкІыжьхэм я пащхьэ абы кьриІыхьащ, кьыхуагъэфащэ кьулыкъым трагъэувэ хьумэ, зи пашэ Правительствэр зэрылэжьыну программэмрэ абы и унэтІыныгъэ хэхахэмрэ.

- ПщІэ зыхуэсщІу зэІущІэм кьеІуэлІахэ! Псом япрауэ, фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Башир и кьуэм, апхуэдэ кьулыкъу льагэм сытригъуэвэну сызэригъэлъэгъуам папщІэ. Сэ псори фызогъэгугъэ КЪБР-м и Правительствэм и пэжкьыгъэ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм, абы и щІыхуэхэм я псэухэр ягъэфІэкІуэным хуэгъэпсауэ зэрыщытынумкІэ, - жиІащ Меркуловым. - Иужьрей илъэсхэр, зэрыпэрылъагъущи, ди щІыпІэм и экономикэм, ар зэрыпэзэхэль Іыхь зыщхьэхуэхэм заужьу йокІуэкІ. Предприятэхэмрэ нэгъэсащ Іуэхуищ Іапэхэмрэ я лэжьэкІэр щІэм тету кьыззрагъэпэщ, абы сэбэп хуохьу инвестицэ хэлъхьэныгъэу республикэм кьакІуэхэр. Ди щІыналъэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІ унэтІныныгъэхэр кьыщІэлъэгъащІ «КЪБР-м 2030 гъэ пщІондэ зэрызиужьынум теухуауэ», «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Хлопонин Александр кьригъэблэгъэ хьэщІэхэм яхэгъэ пониткІэ щІэрыІуэхэмрэ кьэрал лэжьакІуэхэмрэ.

Щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм хьхьэу концерт ятынущ, лъэпкъ гъэлъэгъуэныгъэхэр екІуэкІынущ. Абы щытекІуэ гупхэр Хьэбзэ икІынурэ Сочэ кІуэнущ, «ЩІэбэлэр мамырыгъэм и тельхьэщ» дунейпсо зэхьхьэм хэтын папщІэ.

«Кавказ джэгухэм» щытекІуэ командэм и саугъэт нэхъыщхьэр - кьыкІэлъыкІуэ фестивалыр пашэ хъуар зыщыщ щІыналъэм зэрыщрагъэкІуэкІынуріт. Ар щхьэпэнущ а щІыпІэм спорт, щэнхабзэ Іуэхуищ Іапэхэр щаухуэнымкІэ, яІэхэр кьагъэщІэрэщІэжьынымкІэ. Зи закъуэу, гупу зэпеуэнухэм ящыщу етІуанэ, ещанэ ушыпІэхэр зыльысынухэм Урысейм ТуризмымкІэ и министерствэм и медалхэр, дипломхэмрэ фэепльэ сугъэтхэмрэ иратынущ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратым кьэрал кІуэцІ политикэ ІуэхухэмкІэ и департамент.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Меркулов Александр

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщу ягъэувыным депутатхэр арэзы тохьэ

ПАРЛАМЕНТЫМ и Тхьэмадэ **Чеченов Ануаррэ** абы и къуэдзэхэмрэ, депутатхэм кьадэкІуэу, зэхуэсым кьрихьэлІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі кьалэныр зыгъэзащІэ **Меркулов Александр,** абы и кьуэдзэхэм я кьалэнхэр зыгъэзащІэхэр, парт зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм ди щІыналъэм щІэз кьудамэхэм я пашэхэр, нэгъуэщІхэри. ЗэуэщІэр кьыззэІуихри, Чеченовым кьыззэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ нобэкІэ кьапэщІыпІ Іуэхуитуэмрэ ар зэфІэхэ зэрыхьуну щыкІэмрэ, Хабзэ екІуэкІым ипкъ иткІэ, Чеченовым псалъэ иратащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщу ягъэувыну ягъэлъагъуэ Меркулов Александр. Зэхуэсым екІуэкІыжьхэм я пащхьэ абы кьриІыхьащ, кьыхуагъэфащэ кьулыкъым трагъэувэ хьумэ, зи пашэ Правительствэр зэрылэжьыну программэмрэ абы и унэтІныныгъэ хэхахэмрэ.

- ПщІэ зыхуэсщІу зэІущІэм кьеІуэлІахэ! Псом япрауэ, фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Башир и кьуэм, апхуэдэ кьулыкъу льагэм сытригъуэвэну сызэригъэлъэгъуам папщІэ. Сэ псори фызогъэгугъэ КЪБР-м и Правительствэм и пэжкьыгъэ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм зэлъытэ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр. Ахэр епхащ, абы зэрыжиІамкІэ, мэкъумэщ-промышленнэ комплексыр кьэІэтыным, промышленностым зегъэужьным, туризмым гулытэ нэхъыбІэ хуэщІыным, егъэджэныгъэмрэ я узыншагъэр хьумэнымрэ технологиещІэхэр кьыщыгъэсэбэпыным, хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курыгъэпытэ заужьыным. Ар щхьэхуэу кьытеувІащ а унэтІныныгъэхэм ящыщ дэтхэнэми зиужьныкмкІэ Правительствэм иІэ мурадхэм. Меркуловым гулытэ хэха хуищІащ псэупІэ, гъуэгу, нэгъуэщІ ухуэныгъэ республикэм и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэхэм.

Меркуловым и программэм кьыщигъэлъэгъуахэр гунэс ящыхьуащ зэІущІэм кьрихьэлІахэм. Депутатхэм я упщІэ зыбжанэми жэуап яритащ.

ИужькІэ Чеченовым лэсІыпапІэр хуит яхуищІащ кьэралым и парт зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм КЪБР-м и Парламентым щІэ фракцэхэм я пашэхэм. **Жэрыкъуэ Борис** («Урысей зэкъуэт»),**Кибеков Владимир** («Зауэгъэ зэдащІэ Урысей»), **Шыхьалы Заирэт** (КПРФ), **Гриневич Валерий** (ЛДПР) сымэ арэзы хьущ Меркуловыр республикэм и Правительствэм и Унафэщу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен игъэувынымкІэ икІи а кьулыкъур узыншагъэрэ ехьулІэныгъэрэ иІэу иритхьэкІыну екъуэхуэхэщ. Адэкіэ Чеченов Ануар я пашэу депутатхэм Іэ яІэтащ республикэм и Іэтащ щІэм и жэрдэмыр дэІыгьын-дэмыІыгьынымэ теухуауэ. ІэІэтым кьыззрригъэлъэгъуамкІэ, республикэм и Парламентым и депутатхэм Президентым и жэрдэмым арэзы техьэщІ.

ЗэІущІэм и кІэухым Меркуловым псалъэ кьыщтащ икІи кьыззэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ кьрагъэзэ дзыхьым папщІэ, псори быдэу игъэгугъащ кьарурэ щІэныгъэу иІэр республикэм и ехьулІэныгъэм хуиунэтІыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЗэІущІэхэр ● Фэеплъ ● Щэнхабзэ

КЪЭБЭРДЕЙ

Гъуэджэ ● Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ● Малъхъэдис

● Аруан куей

Адыгэ хабзэр и лъабжьэу

Старэ Щэрэдж къуажэм дэт курыт школ № 1-м и щекІуэкІащ тхьдэр езыгъэджэхэмрэ школ унафэщІхэмрэ я республикэпсо семинар.

ЗЭІУЩІЭР зытеухуауэ щытар кьыдэкІуэтей щІэблэр гъэсэныгъэ тэмэным и кьежьапІэу кьалытэу ди адыгэ хабзэм куууэ хэгъэгъуэзэныгъэ. Семинарым кьрихьэлІахэщ КъБКъУ-м, Аруан куей администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм, республикэм и кьалэхэмрэ куейхэмрэ щыІэ курыт еджапІэхэм я лІыкІуэхэр. Нобэ хуэдэ зэман гугъум щІэблэ уэзыншэ къэгъэхъуным теухуауэ къэгъэсэбэпыпхъэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм, дерсхэм я ужькІэ семинарым хэтхэм ирагъэзытэгъуэ адыгэ нысашэм кьытращыкІа тепльэгъуэхэр. Мы Іуэхур кьыщІыхахам щхьэусыгІуэр хуэхьуащ унагъуэм ихьэ бзыльхугъэм хэтыгъэ щхьпэр, нэмысыр дунейм тет дэтхэнэ зы лъэпкъымкІи псэкупсэ кьулеигъэшІуэ зыхэлъ Іуэхугъуэу зэрыщытыр.

Мы махуэм ягъэлъэгъуащ адыгэ зэхуэсыгъэм пыщІа хабзэ дахэхэр: Іэнэр кьызэрауэхэр, тхьэмадэм хуащІ пщІэр, гуфІэгъуэ хэт щІалэгъуалэм кьатехуэ я кьалэнхэр. «Адыгэ нысашэр» ягъэбжьыфІащ пшынауэхэмрэ кьэфакІуэхэмрэ. Семинарым хэтхэм гукъинэж ящыхьащ унэнэшэм, щауэнышыжьым пыщІа хабзэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Жэпуэгъуэм и 10-р Мэкъумэш ІэнатІэмрэ ерыскъыпхъэ промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ

Нэрылъагъуу зыкъеужьыж

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Хлопонин Александр кьригъэблэгъа хьэщІэхэм яхэгъэ пониткІэ щІэрыІуэхэмрэ кьэрал лэжьакІуэхэмрэ.

Щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм хьхьэу концерт ятынущ, лъэпкъ гъэлъэгъуэныгъэхэр екІуэкІынущ. Абы щытекІуэ гупхэр Хьэбзэ икІынурэ Сочэ кІуэнущ, «ЩІэбэлэр мамырыгъэм и тельхьэщ» дунейпсо зэхьхьэм хэтын папщІэ.

«Кавказ джэгухэм» щытекІуэ командэм и саугъэт нэхъыщхьэр - кьыкІэлъыкІуэ фестивалыр пашэ хъуар зыщыщ щІыналъэм зэрыщрагъэкІуэкІынуріт. Ар щхьэпэнущ а щІыпІэм спорт, щэнхабзэ Іуэхуищ Іапэхэр щаухуэнымкІэ, яІэхэр кьагъэщІэрэщІэжьынымкІэ. Зи закъуэу, гупу зэпеуэнухэм ящыщу етІуанэ, ещанэ ушыпІэхэр зыльысынухэм Урысейм ТуризмымкІэ и министерствэм и медалхэр, дипломхэмрэ фэеплъ сугъэтхэмрэ иратынущ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратым кьэрал кІуэцІ политикэ ІуэхухэмкІэ и департамент.

●Жэрдэм къыхелъхьэ

Москва и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ресин Владимир а ІэнатІэм зэрыпэрыхьэрэ ялэ жэрдэм щыхьэрым и К ъалэ Думэм къыщыхилъхьащ. Сочет Союзым и ЛІыхъужьхэмрэ Социалист ЛЖэныгъэм и ЛІыхъужьхэмрэ ят щІы налогым щхьэщахьну.

АБы КЪЫДЭКІУЭУ дыгъуасэ «Урысей зэкъуэт» партым щызэчэнджэщащ къалащхьэм и Іэтащхьэ Іэнатіэр зыхуагъэлъэгъуэнум теухуауэ. Псори зэхэту щыхуищІым я цІэ иралуащ. Абы хэм ящыщу а кьулыкъур зыльысынур УФ-м и Президентым кьигъэнэІуэн хуейщ махуипщІ пІалъэм кьитІасэу.

Езым и закъуэкІэ пэлъэщынукъым

Венгриер Евросоюзым елъэІуащ Будапешт и гъэнэгъуу щыт химзаводым и зэранкІэ щІыуэлсым махуэ зыбжанэ и пэлъэ игъуэта къулейсызыгъэм и Іэужьхэр зэкІуэдыжьынымкІэ къыдэІэпыкъуну.

Москва и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ресин Владимир а ІэнатІэм зэрыпэрыхьэрэ ялэ жэрдэм щыхьэрым и К ъалэ Думэм къыщыхилъхьащ. Сочет Союзым и ЛІыхъужьхэмрэ Социалист Лжэныгъэм и ЛІыхъужьхэмрэ ят щІы налогым щхьэщахьну.

ЗЭРАЛЫМ и унафэщІхэм жаІэ Венгриер и закъуэу мы Іуэхум пэмыльэщыну. Химиие щхьэусыгІ кІуэду хэхуащ Дунай псым. Абы и зэран екІащ Венгриием и жылагъуиблым. Апхуэдэу шынагъуэ ялысащ псышхэр щежэх Хорватиеи, Сербиеи, Румыниеи, Словакиеи я щІыналъэхэмэ. Псори кьызыхэкІар заводым и унафэщІхэм я мыкІуэмыгъэрщ.

Жэпуэгъуэм и 9, щэбэт

● Пощтым и дунейпсо махуэщ, 1874 гъэм Берн кьалэм Дунейпсо пощт зэгухьэныгъэ кьызэрыщІэзэрагъэпэщащ и саулыкъыкІэ ягъэлъапІэ.

● Илъэс 35-рэ и пэкІэ (1975) академик Сахаров А. Д. Нобель премиягъэмкІэ и саугъэтыр иратауэ щытащ.

Жэпуэгъуэм и 10, тхьэмахуэ

● Щыхуэхэм я судыр укІиІэ

Жэпуэгъуэм и 11, блыщхьэ

● США-м щагъэлъапІэ Колумб и махуэр. Колумб Христофор Америкэр кьызэрызІуихам и фэеплъу ягъэуващ 1792 гъэм.

● Жэпуэгъуэм и 11 - 15-хэм Пятигорск (Псыхуабэ) щекІуэкІынущ «Бзэхэм, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ ІэнатІэхэм я дунейр: Урысейр - Кавказыр - дунейпсо жылагъуэр» дунейпсо конгресс.

мыщІэным и дунейпсо махуэщ (2007).

● Палестинэм и Иерихон кьалэм егъэлъапІэ кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс минищІ зэрырикъур. Ар дунейм и кьалэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ.

●Тыва Республикэм, Белгород, Кострома, Магадан, Новосибирск, Челябинск областхэм парламент, УФ-м и кьалэ 14-м щыпІэ хэхыныгъэхэр щекІуэкІынущ.

●Кьыргызыстан парламент хэхьныгъэхэр щекІуэкІынущ.

●Франджы балеринэ цІэрыІуэ**Черинэ (ЩІэмрэзэ) Людмилэ** (адыгэхэм кьатехьукІащ) кьащІалъхуа махуэщ. 2004 гъэм дунейм ехьжащ.

Жэпуэгъуэм и 11, блыщхьэ

Мы махуэхэм

Мы махуэр УФ-м и Президентым и УказкІэ ягъэувауэ 1999 гъэ лъапІэрэ ягъэлъапІэ. Зытеухуар кьажэдэхэр ІэнатІэкІэ кьызэрыгъэпэщыныр, абыхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, Іыгъ къралым и щІыпІэ куэдым губгъуэ зэжьыгъэхэр щаух, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ахэр нэхъ кІасуэщ зэрыщыгъэфІэкІыр. Абы кьыхэкІыу, хабзэ зэрыхъауэ, гуфІэгъуэ щагъэлъапІэнур, иІэхъеи кьрикІуахэр щыгъэхальхьжыну пІалъэ мы гъэми ягъэІэнкІэ.

МэкЪУМэШ ІэнатІэм пэрытхэм зэфІагъэкІахэм пэублэу урипльэжмэ, лэжьыгъэ хьарзынэ яІауэ жыпІэ хьунущ. Хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми кьэкІыгъэ пасэхэмрэ хьэщэщэмрэ кІэрыхуншэу щыгъэщІакъуэжауэ, иджы кІуэжрэкІыу етІуанэ хэтъуэр ирагъэкІуэкІ.

КЪБР-м МэкЪумэш ІэнатІэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапэм кьызэритамкІэ, гъэмахуэр егъэлеяуэ зэрыхуэбам кьыхэкІыу, республикэм кьэкІыгъэхэр махуитІкІэ нэхъ пасэу зыщаужьащ. Жэпуэгъуэм и пэм ирихьэлІэу нартыхуэ щыІуэхьжа гектар мин 29-м тонн мини 133,5-рэ кьыщыдачыжащ. Ику иту гектарым кьытекІыр нэгъабэрейм процент 18-кІэ щІегъу. Сэхуану тонн мин 31-м нэблагъэ кьыщІалъхьащ. Ари илъэс кІуам ельытауэ зы процентКІэ нэхьыбэщ. Мы гъэм кІэрпІофыр яхуэбгъащ, гектарым хуэзэу центнери 179-рэ кьытокІ, нобэ ирицхьлІэу тонн мин 233-рэ кьатІыжащ. Помидорым, нащэм, къэбыстэм, болгар шыбжийм гектар мин 19-м нэс яубыдри, ахэри зэуІуу зэщІакьуэж.

Министерствэм иІэщ ерыскъыпхъэхэм зэрелжьыным и проект зыбжанэ, КъапщтэмэкІэ, консерв промышленностым щагъэхьэзырхэр, нарзанымрэ, пхъащхьэмащхьэпсу кьыщІагъэкІэр Европэм щызекІуэ мардэхэм кьакІэрыхуркъым. Мы зэманым республикэм и ерыскъы промышленностым щхьныгъуэ зэмылІэужьыгъуэу 30-м щІигъу къэхъуащ. «АПК-м зегъэужьыныр лъэпкъ проектым тету Іэщу зэрахуэм, гъавэу ящІэм хохьуэ, щІым и зехьэкІэр ирагъэфІакІуэ, пхъащхьэмащхьэ хадэхэр гъэкІыным тегушхуауэ зратыж.

Іэщ лъэпкъыфІхэр, гъэщІыІэхэр кьыхэхьныным, кьэгъэхьуным йогугъу, быдым зыгъэшхэну, щІым телъжьыхьыну, зи ІэнатІэм зезыгъэужьыну хуейхэм республикэм и банкхэм щІыхуэ ярет. Мы гъэм КЪущхьэхъуэ щаІыгъащ Іэщышхуэу мин 28-рэ, мэлу мини 100-м щІигъу, шыуэ мини 5. ХьупІэхэм зэрыщІа зэманым кьриубыдэу гъэщІу тонн мини 5,4-рэ, лыуэ тонн 1300-рэ кьалэжьащ, дэтхэнэ жэмми хуэзэу ику иту махуэм щэ килограмм 12-м нэблагъэ кьыщІащ. А бжьгъэхэр нэгъабэрейхэм щІегъу.

Къэбэрдей-Балькъэрым и гъавэгъкІхэмрэ Іэщыхьэхэмрэ лъэжьыгъэ хьарзынэ яІэу я махуэм ирохьэлІэри, дяпэкІи я зэфІэкІхэм хагъэхьуну, я мурадхэм лъэІэсыну ди гуапэщ.

АРУАН Алий.

«Коррупцэм пэщІэтыным и Іуэхуці» Федеральнэ законым кьыгъэув Іуэху щхьэхуэхэр гъэзэщІныкмкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Коррупцэм пэщІэтыным и Іуэхуці» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м кьащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м ипкъ иткІэ, **унафэ сощІ:**

1. Щыхуэхэр щагъэувкІэ е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм щрахьэкІкІэ абыхэм езыхэм я хэхъуэхэм, мылькым, мылькым ехьэлІа кьалэнхэм, я щхьэгъусэхэм, балигъ мыхьуа я бынхэм я хэхъуэхэм, мылькым, мылькым ехьэлІа кьалэнхэм я тегушхуа Іуэхугъуэхэр хэІущІыІу ящІыну щІыхуагъэува кьулыкъуу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм шыщхьэІуи и 26-м кьыдигъэкІа Указ №127-УП-мкІэ кьыщта спискэм и пункт 1-м е пункт 2-м хиубдэхэм, апхуэдэу щІыхуэхэр щагъэувкІэ е Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм щрахьэкІкІэ абыхэм езыхэм я хэхъуэхэм, мылькым, мылькым ехьэлІа кьалэнхэм я щхьэгъусэхэм, балигъ мыхьуа я бынхэм я хэхъуэхэм, мылькым, мылькым ехьэлІа кьалэнхэм ятеухуа Іуэхугъуэхэр хэІущІыІу ящІыну щІыхуагъэува кьулыкъуу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм шыщхьэІуи и 29-м кьыдигъэкІа Указ №127-УП-мкІэ кьыщта спискэм и пункт 3-м тету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал органым и унафэщІым кьыщтахэм Урысей Федерацэм и цІыхуу тетам Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъым щыІуагъэкІыжьа махуэм щегъэжьауэ ильэситкІэ:

а) хуитныныгъэ иІэщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъущІэхэр я ІэнатІэм зэрыпэрытын хуей щІыкІэмрэ зэныкъуэкъуэхэр дгъэкІыныкмкІэ комиссэхэм ятеухуа положенэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и УказымкІэ кьыщтам тету Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъущІэхэр я ІэнатІэм зэрыпэрытын хуей щІыкІэмрэ зэныкъуэкъуэхэр дгъэкІыныкмкІэ комиссэм и арэзыныгъэкІэ коммерческэ е коммерцэм пымыщІа Іуэхущ Іапэ Іуэ къэралым зэрихьэхэм я Іуэхур зэблэгъэкІыныкмкІэ кьалэн пыухькІахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъущІэм щигъэзащІэу щытахэм кьулыкъу щиІыгъыну е граждан-правовой зэгурыІуэныгъэм тету лэжьыгъэ пыухькІахэр щызэфІиигъэкІыну;

б) и кьалэнщ лэжьыгъэмкІэ зэгурыІуэныгъэхэр е мы пунктым и «а» пункт кьуэдзэм кьыщыгъэлъэгъуа граждан-правовой зэгурыІуэныгъэм Іэ щыщІидзкІэ, Урысей Федерацэм къэралым и щхьэхуэм зэкъодательствэм кьриубыдэу иужь дыдэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан ІэнатІэм щиІыгъа кьулыкъум лэжьапІэ кьезытыр щыгъуазэ ищІыну.

2. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан ІэнатІэм и кьулыкъущІэу увыну хущІэкъу щІыхуэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъущІэхэм кьат зыхуэфащэ Іуэхугъуэхэр пэжу икІи нэгъэсауэ зэрыщытыр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъущІэхэр я ІэнатІэм бгъэдэтныныкмкІэ хуагъэува хабзэхэр зэрагъэзащІэр къэпщытэным и Іуэхукі». Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыдигъэкІа Указ 323-УП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн ищІи абы и пункт 3-м и «г» пункт кьуэдзэм хэт «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан ІэнатІэм Іуэ Іыжьа нэужь, абы дэкьыгъэмкІэ зэгурыІуэныгъэ щарищІыІІэкІэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан ІэнатІэм Іуэ Іыжьа нэужь, абы федеральнэ законэм кьызэрыщІэлъэгъуам тету, лжьыгъэмкІэ зэгурыІуэныгъэ е граждан-правовой зэгурыІуэныгъэ щарищІыІІэм дез» жиІэу.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал органэм я унафэщІхэм яхуэгъэзэнын мы Указыр гъэзэщІэнкІэ кьыззгъэпэщыным хуэунэтІауэ зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфІагъэкІыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм фокІадэм и 28-м
№100-УП

Жэпуэгъуэм и 9, щэбэт

Жэпуэгъуэм и 11, блыщхьэ

Жэпуэгъуэм и 10, тхьэмахуэ

ПІуанэр лъхьэхьэнар ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іуущитэ:

Гъатхэ дыгъэм кІэгъуасэпскІэ уегъэпскІри, бжьыхьэ дыгъэм тхъупс кьыптрекІэ.

«Кавказ джэгухэр» къыззІуах

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Хлопонин Александр и нэІэм щІэту къыззрагъэпэща «Кавказ джэгухэр» фестивалыр нобэ къыщызІуах Къэрэшей-ШэрджэсымхьхьэІ Хьэбзэ къуажэм. Ар иІэс кьас ирагъэкІуэкІыну я мурадщ.

«КАВКАЗ джэгухэр» фестивалыр 2014 гъэм Сочэ кьалэ щызэхэтыну щІымахуэ Олимп Джэгухэм я щэнхабзэ программэм щыщ Іыхьэщ. Ар ирагъэкІуэкІ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ лъэпкъ спорт іЕуэжьыгъуэхэм. КИФЩІ-м и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыналъэхэри кьыхашэну я мурадщ.

Иджырей «Кавказ джэгухэм» спортсмен 210-рэ щызэпеуэнущ. Абыхэм я зэфІэкІым епІалъну щІыху мини 2-м яхэтщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъуэгу псоми я лІыкІуэхэр. Ахэр спорт лІэужьыгъуэ 14-кІэ зэхьэзэхуэнущ. Абыхэм ящыщу армспортыр, бгым дэжеиныр, бгырыпх бэнэкІэр, хьэлъэ тельтыныр, кІапсэ зэпекъур, нэгъуэщІхэри. А спорт джэгукІэхэм я дэтхэнэми Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ зым е зыбжанэм я лъэпкъ щэнхабзэм лъабжьэ быдэ щиІэщ. ЕтІанэгъэ кьахэхъуэнущ зэрызэхьэзэхуэ спорт лІэужьыгъуэхэм. КИФЩІ-м и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыналъэхэри кьыхашэну я мурадщ.

Иджырей «Кавказ джэгухэм» спортсмен 210-рэ щызэпеуэнущ. Абыхэм я зэфІэкІым епІалъну щІыху мини 2-м яхэтщ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэм зэрыщрагъэкІуэкІынуріт. Ар щхьэпэнущ а щІыпІэм спорт, щэнхабзэ Іуэхущ Іапэхэр щаухуэнымкІэ, яІэхэр кьагъэщІэрэщІэжьынымкІэ. Зи закъуэу, гупу зэпеуэнухэм ящыщу етІуанэ, ещанэ ушыпІэхэр зыльысынухэм Урысейм ТуризмымкІэ и министерствэм и медалхэр, дипломхэмрэ фэеплъ сугъэтхэмрэ иратынущ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратым кьэрал кІуэцІ политикэ ІуэхухэмкІэ и департамент.

НыбжьыщІэхэр ягъэгуфІэ

Налшык и «Іэдийху» хьэлІэм мыгувэу кьыщыззІуахынущ дзюдомкІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и къудамэ.

КЪЫХЭГЪЭЩІПХЪЭЩ мы щыпІэр цыхухэм псэупІэ зэрахуэхьурэ спортым дихьэх щІалэгъуалэр екІуэлІэну зы уни зэрыдэмытар. Щытыкіэр кьалъытэри, хьэблэм, Налшык я администрацэхэм траухуащ кьалэкІэм щыІа сату центрыр зэрагъэпэщыжу, бзэныем дихьэх щІалэгъуалэм пІапІэ спортзал абы кьыщыззІуахынущ. Мы Іуэхум кьалэ бюджетым кьыхэкІыу" сом мелуани 3 хухахащ. Лэжьыгъэхэр епІэщІэкІыу кьрахьэлІэ «Строймонтаж», «Жас-Г» ухуакІуэ фирмэхэм. Мы зэманым ирихьэлІэу псэуалъэм и унащхьэр щІэкІэ зэрахьэуэкІащ, щыІэ кІуэщІэр зыхуэп хуагъэзащІ. Спортзалыр щатын хуей пІалъэм ирихьэлІэу коммуникацэ лэжьыгъэхэри зэрызэфІагъэкІыжьм йоужьэрэкІ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Мы махуэр УФ-м и Президентым и УказкІэ ягъэувауэ 1999 гъэ лъапІэрэ ягъэлъапІэ. Зытеухуар кьажэдэхэр ІэнатІэкІэ кьызэрыгъэпэщыныр, абыхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, Іыгъ къралым и щІыпІэ куэдым губгъуэ зэжьыгъэхэр щаух, ауэ Къэбэрдей-Балькъэрым ахэр нэхъ кІасуэщ зэрыщыгъэфІэкІыр. Абы кьыхэкІыу, хабзэ зэрыхъауэ, гуфІэгъуэ щагъэлъапІэнур, иІэхъеи кьрикІуахэр щыгъэхальхьжыну пІалъэ мы гъэми ягъэІэнкІэ.

МэкЪУМэШ ІэнатІэм пэрытхэм зэфІагъэкІахэм пэублэу урипльэжмэ, лэжьыгъэ хьарзынэ яІауэ жыпІэ хьунущ. Хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми кьэкІыгъэ пасэхэмрэ хьэщэщэмрэ кІэрыхуншэу щыгъэщ

● Зэлущіэхэр

Нэхъ гугъур япэ ирагъэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат, Бюджетымрэ налогхэмкІэ комитетым и унафэщІ Васильев Юрий. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэр, Іуэхущіапіэ, ведомствэ зэмыліужьыгъуэхэм я унафэщіхэр.

ЗЭІУЩІЭР нублащ Урысей Федерацэм Федерацэмкіэ и Советым и Федеральнэ Зэхэсым и щіыхь тхыльхэр зыхуагъэфащащэм ирагъэкІыжьыгъ.

Депутатхэр Къэрал Думэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм щыгъуазэ ищІу, зэІущІэм къыщІэсэлъащ **Васильев Юрий**.

Абы зэрыжиІамкІэ, Урысей Федерацэм 2011 гъэм иІэну бюджетым Къэрал Думэм и депутатхэр хэпльэн папщІэ, мыгувэу кьыхалъхьэн хуейуэ араІ, ауэ ар зыкъомкІэ гъэгумрэ «Кисловодск - Нартсанэ ауэ» гъэгумрэ яухуэн папщІэ. КъищынэмыщІауэ, сом меларитку республикэм хухах, и кьуажэ гъэгумрэ зэрагъэпщынчыжьыным хуэунэтІауэ. Налышь и гъэгумрэм сом мелуан 208-рэ трагъэкІуэдэнщ.

Шэджэм районымрэ Налшыкрэ электроныкъуэкІэ кьыІэзыгъэтащ «ЛЕП-110» Іуэхущіапіэм хухах сом мелуани 180-рэ, медицинэ Іуэхущіапіэхэми сом мелуан 90 кьаІэрыхьэнущ. А псори бюджетым кьиуІыпІщІын хуейуэ мыпхьыр иуасэу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуагъэтІыпІщу аращ, Къэрал Думэм республикэм и лІыкІуэу щыІэ депутатхэм я жэрдэмыл кьыпэкІуэу.

2011 гъэм иджыри сом мелярд 1,4-рэ Іуащхьэмахуэ и бгылъэ-лыжэ комплексым зегъэужьыным, сом мелуан 300 зи уасэ сымаджэщхэр, еджапІэхэр ухуэным, сом мелард 1,5-рэ Бахъсэн ГЭС-р къэгъэщІэрэщІэжьным хухэхауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыІэрыхьэнущ.

Васильев Юрий жиІащ республикэр нэхъыбІу лэжьэну, ахъшэу кьыхуауТыпІщыр нэхъ мащІэ зэращІыр и жагъуэ зэрыхъэр.

- Догугъэ а щытыкІэм 2012 гъэм зихъэжьэну, сыту жыпІэмэ, сом зы мелард етІанэгъэ и бюджетым хыдогъэхьэ, нэхъыбІу лэжьа щІыналъэм сагуГэту хэдгъэфащэн папщІэ. Ау, Іэ, мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым бюджетым щыщу кьыІэрыхьэн хуеяуэ къарматар сом мелуан 600-м ноблагъэ, - жиІащ абы.

Мы гъэм и ятІонэрэ ныкъуэм республикэм и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теуХуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзэщІэ **Бышэн Азрэт**. Абы кьыхэзыгъэльэгъуамкІэ, 2010 гъэм бюджетым хэщІыкІэн хуейуэ зытращІыхьа мыльку щыщу ящІэ ильэс ныкъуэм Іуэхущхэм трагъэкІуэдащ процент 38,7-р. Ар сом меларди 8 мэхъу. Бышэн Азрэт зэхуэсахэм гу лъаригъэтащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу республикэм кьыІэрыхьэ ахъшэм и нэхъыбэр етІуанэ ильэс ныкъуэм кьиІэзыгъэлъІыпщым. Абы кьыхэкІыуи, Іэнатіэ зыбжанэм я Іуэхущхэм мыльку халъхьэфар зэкІэ мащІэщ. Псальэм папщІэ, апхуэдэщ псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэр.

Ауэ абы и закъуэкъым щхьэусыгуэу хуэхъуар мы гъэм и ятІонэрэ ильэс ныкъуэр сом меларди 2,3-рэ кьыдгъэхуауэ зэрыдэхуащІ. А бжыгъэм хэтщ Іуэхущхэм и 10 хъыбарыхуэу, социальнэ ахъшэу мэкъуауэгъуэм лэжьакъэм иратын хуейуэ кьауТыпІща сом мелуани 159-рэ, ахъшэ хъумапІэхэм я деж кредит щыхуэзыгъэ республикэм щипшынэжа сом мелуан 700-рэ. Абы и фІыгъэкІэ, къэрал щыхуэзу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьытенэжар сом мелуан 240-рэ кьудейщ.

Депутатхэм кьагъэува упщІэхэм жэуап щритым, Бышэн Азрэт къыхигъэщащ нэгъабэ бюджетым апхуэдэу кьыдигъэхуауэ щыта сом мелуан 260-м щыщу мелуани 106-р республикэм кьиІэзыратыжар, мы гъэр икІыу иджыри сом мелуани 100 хуэдизым федерал бюджетым кьригъэгъэзэжа гугъатІэкІэр зэрыщыІэр.

Депутатхэр арэзы къыщІакъым федеральнэ бюджетым кьыхэкІ мылькур республикэр зыхуэныкъуэ Іэнатіэхэм зэхуэдэу тегуэшауэ кьиІэзрамыуТыпІщым, абы и ІэрамкІэ ахъшэ куэд кьиІэзрыдэхуэм икІи а щытыкІэм гу лърагъэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

ЗэІущІэм етІуанэ еджэгъэуэ щыхэплъащ «КъБР-м и хъупІэ щІыналъэхэм я статусым» теухуа законым и проектми. Абы теухуауэ кьыщыпсальэм, Парламентым Мэкъумэш политикэмрэ щы Іуэху зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **ЛІыхъугу Хьэжмурид** кьыхигъэщащ а законым и проектыр гугъуехь, зэдаУэ хэлъу гъэхьэныра зэрыхъур, зэхъуэкІынигъэ куэд абы хэлъхьэн хуейуэ кьиІэзрагъэувыр. Ар къаугъэ кьиІэзрыкІ пэта 131-нэ Федеральнэ законым пэщІэувэ хъунчыкьым икІи, абы кьыдэгъуэгурыкІуэу, республикэм и фейдэ кьыхэкІыу лажьэу щыІэн хуейщ. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым лэжьыгъэшхуи кьаІэлэныкъуэ кьыщыпхущытыжыным хуэунэтІауэ. Налышь и гъэзэгухэм сом мелуан 208-рэ трагъэкІуэдэнщ.

Шэджэм районымрэ Налшыкрэ электроныкъуэкІэ кьиІэзыгъэтащ «ЛЕП-110» Іуэхущіапіэм хухах сом мелуани 180-рэ, медицинэ Іуэхущіапіэхэми сом мелуан 90 кьаІэрыхьэнущ. А псори бюджетым кьиуІыпІщын хуейуэ мыпхьыр иуасэу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуагъэтІыпІщу аращ, Къэрал Думэм республикэм и лІыкІуэу щыІэ депутатхэм я жэрдэмыл кьыпэкІуэу.

2011 гъэм иджыри сом мелард 1,4-рэ Іуащхьэмахуэ и бгылъэ-лыжэ комплексым зегъэужьыным, сом мелуан 300 зи уасэ сымаджэщхэр, еджапІэхэр ухуэным, сом мелард 1,5-рэ Бахъсэн ГЭС-р къэгъэщІэрэщІэжьным хухэхауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыІэрыхьэнущ.

Васильев Юрий жиІащ республикэр нэхъыбІу лэжьэну, ахъшэу кьыхуауТыпІщыр нэхъ мащІэ зэращІыр и жагъуэ зэрыхъэр.

- Догугъэ а щытыкІэм 2012 гъэм зихъэжьэну, сыту жыпІэмэ, сом зы мелард етІанэгъэ и бюджетым хыдогъэхьэ, нэхъыбІу лэжьа щІыналъэм сагуГэту хэдгъэфащэн папщІэ. Ау, Іэ, мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым бюджетым щыщу кьыІэрыхьэн хуейуэ къарматар сом мелуан 600-м ноблагъэ, - жиІащ абы.

Мы гъэм и ятІонэрэ ильэс ныкъуэм республикэм и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теуХуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзэщІэ **Бышэн Азрэт**. Абы кьыхэзыгъэльэгъуамкІэ, 2010 гъэм бюджетым хэщІыкІэн хуейуэ зытращІыхьа мыльку щыщу ящІэ ильэс ныкъуэм Іуэхущхэм трагъэкІуэдащ процент 38,7-р. Ар сом меларди 8 мэхъу. Бышэн Азрэт зэхуэсахэм гу лъаригъэтащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу республикэм кьыІэрыхьэ ахъшэм и нэхъыбэр етІуанэ ильэс ныкъуэм кьиІэзыгъэлъІыпщым. Абы кьыхэкІыуи, Іэнатіэ зыбжанэм я Іуэхущхэм мыльку халъхьэфар зэкІэ мащІэщ. Псальэм папщІэ, апхуэдэщ псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэр.

Ауэ абы и закъуэкъым щхьэусыгуэу хуэхъуар мы гъэм и ятІонэрэ ильэс ныкъуэр сом меларди 2,3-рэ кьыдгъэхуауэ зэрыдэхуащІ. А бжыгъэм хэтщ Іуэхущхэм и 10 хъыбарыхуэу, социальнэ ахъшэу мэкъуауэгъуэм лэжьакъэм иратын хуейуэ кьауТыпІща сом мелуани 159-рэ, ахъшэ хъумапІэхэм я деж кредит щыхуэзыгъэ республикэм щипшынэжа сом мелуан 700-рэ. Абы и фІыгъэкІэ, къэрал щыхуэзу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьытенэжар сом

Зэныбжьэгъугъэмрэ щэнхабзэмрэ я джэлэс

● Пшыхьхэр



Институтым щылажьэхэм, щеджэхэм йохъуэхъу Фырэ Руслан.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий лэжьыгъэм кьыхэжаныкІар егъэпажэ.

Гу я аджэхэ эмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтыр кьыІэрыІуахэрэ илъэс 20 зэрырикъур иджыблагъэ ягъэлъэпащ.

ГУФІЭГЪУЭ зэхьихьэр нэхъри иІэт ащ институтым и студент ансамблым кьигъэлъэгъуа концертым. ЗэІущІэм кьриІэлІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар,** абы и яІэ кьуэдэ **Жаным Руслан,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Дышэкі Мадинэ** сымэ.

ЗэІущІэм щагъэльэгъуащ институтым и тхыдэм, и Іуэху зехьэкІэм, и ехьулІэныгъэхэм, щылажьэхэм ятеужьауэ студентхэм траха видеофильмыр.

Гъуазджэ хэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий** фІэхъус псальэкІэ зэхущІэхэм захуигъэза неужь, Дыщэкі Мадинэ псальэ ираташ. Ар кьыІэхуэсахэм ехьуэхьуащ икІи КъБР-м и Президентым кьигъэхьа, Кавказ Ищхьэрэм и творческэ интеллигенцэр гъэхьэзырынымкІэ институтым мыхьэнэшхуэ зэриІэр кьыІэзыхэщ тхыгъэм кьеджащ.

АдэкІэ махуэшхуэр зыгъэлъапІэхэм ехьуэхьуащ Чеченов Ануар, икІи КъБР-м и Парламентым и Щыхь тхылъыр яритащ институтым и проректор Гусев Олег, актер Іэзагъымкіэ кафедрэм и егъэджакІу эхэу, режиссерхэу Теувэ ж Сутьтіанрэ Кулиев Борисрэ.

УФ-м Щэнхабзэмкіэ и минис терствэм и кьудамэм и унафэщІ Титаренко Татьянэ министр Авдеевым кьыбгъэдэкІыу Рахаевым ирит щ Вишневский Г., Демидов А., Церетели З. сымэ я Іэдакъэщіэкі зэхуэхьэсахэм щыщхэр.

Институтыр кьыІэрыІуахрэ блэкІа зэман мащІэм зэфІкІ ин кьигъэльэгъуащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырынымкІэ. Ар кьыхэщу гуфІэгъуэ зэхьихьэм кьыщыпсэльащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьалэнхэр пІалъэмкІэ зыгъэзащІэ Фырэ Руслан, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Къэрэшей-Щэрджэс, Ингуш, Щэшэн, Дагъыстан, Осетие Ищхьэрэ - Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм кьикІа хьэщІэхэр.

АдэкІэ бысымхэм ехьэхуащ КъБР-м и Президентым и Іуэхущхэм я кьуэдзэ Борчаев Шарабудин, КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, КъБКъМА-м и проректор Кьудей Руслан, КъБР-м и щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщІ Дау Марьянэ сымэ.

А пщыхьэщхьэм министерствэхэм, ведоствэхэм кьаІэтэджэкІ щыхь тхылъхэр ираташ институтым и егъэджакІуэ нэхъ Іэзэхэм. Сценэм щыІуащ блэкІа ильэхэм институтыр кьэзыхахэу республикэ, щыналъэ, урысейпсо эпеуэсхэм щытекІуэахэм я цІэхэр.

Зи ильэс 20-р зыгъэлъапІэ институтым эгъуэр щеджауэ иджы зи цІэр жьыжь Іуа, цІыхубэм фІыуэ яльэгъуа уэрэджакІуэхэм, къэфакІуэхэм концерт ятащ.

ШЫПШ Даянэ.

Хьэщіэхэр институтым и гъэсэнхэм я зэфІэкІым щогуфІыкІ.

СурэтхэрКЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

Псэупіэхэри гъуэгухэри

● Прохладнэ къалэ

«2010 гъэм Прохладнэ къалэ округым фэтэр куэд хъу унэкэр кьыІэхуэтыншэу щыІэзрагъэщыжьын» мурад пыухьыкІам тещІыхьа муниципальнэ программэм хагъэхьа псэупІэхэм подряд организацэхэр нолжэ.

УНИБГЪУМ я щхьэкэр, Іупльапіэхэр зэрагъэпэщыж, ток, хуабэ, псы кІуапІэхэр, канализацэхэр зыхуей хуагъазэ, кьиІэзрапщ Іэмэпсымэхэр щагъэхьэ. А лжьыгІэхэм сом мелуан 27-м щІигъу хуоз. Абы щыщу сом мелуан 24,4-р -ЖКХ-м щекІуэкІ зэхъуэжькІыныгъэм зэрыкьыщІагъакъуэ фонд- кьращэ корпорацэм, мелуанрэ мин 500-р республикэ бюджетым, сом мелуанрэ мин 300-р щІыпІэ бюджетымрэ псэупІэр зейхэмрэ я мылькущ.

Унэ кІуэцІхэм я хуабэ гуэшыпІэхэр, я щхьэхэр, Іупльапіэхэр зэгъэпэщыжыныр жэпуэгъуэм и І-м, адрей лэжьыгъэхэр дыгъэгъазэм и І-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІын хуейщ. КъищынэмыщІауэ, республикэ бюджетым кьалэм хухихэ сом мелуани 5-мкІэ уэрам гъэгуэгэр зыхуей хуагъэзэнущ.

Зэгухауэ ирагъэкІуэкІа аукционэм кьарикІуахэм ятпкъ иткІэ, сом мелуани 3,5-м щІигъу и уасэ зэгурыІуэныгъэ ухуакІуэхэм иращІыІащ. Боронтовым и цІэкІэ щыІэ, Пролетарскэ уэрамхэм зыщыщІадза лэжьыгъэхэр жэпуэгъуэм и 29-м фІэмыкІыу яухынущ.

Апхуэдэу, кьыдагъэжа ахъшэри гъэуэгуэгэр зэгъэпэщыжыным халъхьэнущ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● КъБР-м и МВД-м

«Хъумакіуэм» зрапщыткъым

Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм щекІуэкІащ мыхьэнэ пІуыкІа зиІэ Іэнатіэхэр, апхуэдэуи фэтэркэмрэ щхьэзакъуэ уэнэхэмрэ дыдыкІуэхэм ящыхьумэнкІэ къыІэзрыІэрагъэпхуэн хуейуа брифинг.

ИЛЪЭСИТХУ хьуауэ республикэм щылажьэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и «Хъумакіуэ» ФГУМ и инженер нэхъыщхьэ **Габуев Евгений** кьыІэзрыхигъэщамкІэ, а Іэнатіэм и ІэщіагъэлІхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущіапіэ кьудым щагъэуващ сертификат кІэІэ зэрахьуэ, апхуэдэуи хьыбар кьоэзыгащІэ Іэмэпсымэхэр.

- Бахъсэн ГЭС-м кьыщыхьуа терактым и ужькІэ ткІийуэ хъумэн щІадзащ республикэм и куей зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ гидроэлектростанцхэр. Абыхэм егъэбыдылІащ зыхуей псомкІи кьиІэзрагъэпэща, автоматэр зыІыгъ хъумакІуэхэр. Мы гъэм фокІадзэм и І-м ирихьэлІэу «Хъумакіуэм» и нэІэм щІэзыгъэ республикэм и Іуэхущіапіэу, цІыхухэм я унэу 1962-рэ. Ди лІыкІуэхэр КъБР-м и районхэм псомкІи щыІэщ, - жиІащ Габуевым.

Налшык къалэ УВД-м и къудамэм и унафэщІ милицэм и майор **ТІатым Анзорр**э УВД-м и деж щыІэ ОВО-м и ЦО-м и пунктым и унафэщІым и къудзэ **Аксамитный Андрейр**э кьиІэзрагъэльэгъамкІэ, цІыхухэм я фэтэр хэмрэ унэхэмрэ хьумэным хабзэхьумэжэм гутыльтэ хэжа хуащІ. Яхьумэ щыпІэм экипажи 3-5 мынэхь мащІэ макІуэ икІи щІэпхьаджащІэхэм кІуапІэ ирамытын папщІэ щІэкІыпІэ-щІыхьэпІэ псори зэхуащІ. ОВО-м щыгъэуващ хъыбар телефонкІэ е радиосигналкІэ зэребгъэщІэфыну Іэмэпсымэ. Апхуэдэу кьиІэзгъэпэща фэ тэрэхмрэ унэхэмрэ дыгъуаКІуэхэр хуеплъэкІыр кьым.

Кьэпсэльаэхэм кьиІэзрыхагъэщамкІэ, нэгъуэщым и мылъкум ещакІуэхэм я нэхъыбэр Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Ставрополь крайм, нэгъуэщІ гьунэгъу республикэхэм кьикІэрщ.

- Фэтэрым щыдыгъуахэр кьэбгъэтынныр гугъущ. Яхьныкьуэхэм деж яхьунщІам и гьунэгъуэхэр хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лжьыгІэхэм хуей-хуэмеІуащ кьаІэрелъэсащэр. А псоми кьрикІуэрщи, кьэхъуар зи нэгу щІэкІа щыхьэтхэр кьэгъуэтынныр гугъущ, хабзэм ахэр яхьумэну, хьыбарыр кьиІэзыбгъэдэкІыр хэІущІыІу ямыщІыну кьиІгъэув пэтми, - кьыхихгъэщащ ПатІым Анзор.

Брифингым хэтахэм юридическэ Іэнатіэхэр, апхуэдэуи цІыхуэ кьиІэзрыгъэкІэр сакъыну кьыхураджэ. Ахэр зэкъуэувэмэщ фэтэр дыгъуакІуэхэм щапэлъэщынур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Прокуратурэ

Уасэхэр драгъэуейрт

Прохладнэ къалэм и прокуратурэм «Прохладнэ щакхъуэ завод» ОАО-м и лэжьыгъэр кьипщытащ, игъэхьэзыр ерыскьыхэкІхэм я уасэхэр зэрыдригъэкІуейм кьиІэжІыу.

СЭТЕЙ кьэхъуащ гуэдзым кьыхэщыкІа щакхъэ уэм и уасэм процент 15,7-рэ, хьэпщІыйм - процент 12,9-рэ зэрыхагъэхъуар.

УФ-м и Федеральнэ закон №135-ФЗ-м идэркъым ерыскьыхэкІхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я уасэх зэ яІэту.

Абы ипкъ иткІэ, «Прохладнэ щакхъуэ завод» ОАО-м и унафэщІ Татаринов А. тхыгъэкІэ хуагъэ лъэгъащ зи гугъу тщІы хабзэр кьиІэзпиуд зэрымихьунур.

ЦЕКЪУ ПІатІ.

Ахъшэ гъэтІылъыгъэхэм я нэІэ тетынущ

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым кьыщыІэзІуахащ банкхэм халъхьэ мылькур хъумэнымкІэ Урысей Агентствэм (АСВ) и Іэнатіэ. Мы Іуэхум теухуа зэІущІэ иджыблагъэ Псыхуабэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ Агентствэм и генеральнэ унафэщІ Мельников Андрей, банкхэм халъхьэ ахъшэхэр хъумэнымкІэ кьыІэзгъэпэщ департаментым и Іэтащхьэ Абрамов Алексей сымэ.

ПСЫХУАБЭ кьыщыІэзІуаха кІуэдамэм и унафэщІ кьалэныр пІалъэкІэ игъэзэщІэнущ Москва щыпсэу ди лъэпкъэгъу Жэман Хьмэд. Абы кьэралым и щыхьэрым банк хуэІухуэщІэм екьэлІа кьалэнхэр ильэс 18 хьуауэ кьыщрехьэлІэ, ІэщіагъэлІ пэрыгъэм хабж эу. Кавказ Ищхьэрэм кьыщыІэзІуаха Іэнатіэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу АСВ-м и лэжьыгъэм щыхубэр хэгъэгъуэзэнырь, щыпІэ властым и органэхэм, Урысейм и ахъшэ хъумапІэм и Іэнатіэхэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэхэм, халъхьэ мылькур хъумэнымкІэ кьыІэзрагъэпэща системэм (ССВ) ихубыдэ банкхэм ядэлэжьэнырь.

Мы Іэнатіэр апхуэдэу ядэлэжьнущ щхьэусыгуэхІэ зэхуаща банкхэм я кредит щыхуэу зытелъ ограничениехэм. «УФ-м и ахъшэ хъумапІэм физическэ лицохэм халъхьа мылькур хъумэным екьэлІауэ» 2003 гъэм и дыгъэгъазэм кьащта федеральнэ законым ипкъ иткІэ зэхалъхьа къэрал программэм кьеГъуэр «физическэ лицохэм» ядэлэжьэнымкІэ хуитынырыгъэ зиІэ банк псори ССВ-м хэтын хуейуэ. Мы зэманым иритхэлІэу абы кьыхьахэм я бжыгъэр 914-м нэсащ. А ахъшэ хъумапІэхэм халъщ щыхуэм я мылькуу сом триллиони 8,6-рэ.

ДыщыгуГынщ ди щІыналъэм кьыщыІэзІуаха Іэнатіэм зи мылъку банкхэм щызыхьумэ ди цІыхуэхэм я хуитынырыгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи ихьумэну .

ЛЪОСТЭН Муэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Путин Владимир и щІыналъэ жылагъуэ хэщІапІэу Налшык къалэм дытеу екІуалІэхэм 2010 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къащыІущІэнуэр

Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 48. Телефоныр: 77-00-40.

№№	Унэщіэр, цІэр, адэщІэр	И лэжьапІэр, и къулыкъур	Къащыхъуэзэну махуэр	КъащыІущІэну зэманыр
1.	Башорэ Хьэмид Тохьид и къуэр Чэрим Виктор Петр и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
2.	Мэремыкъуэ Арсен Іэмин и къуэр Афащыкъуэ Юрий Сэфарбий и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
3.	ЛІэужь Адэлбий Билол и къуэр Жамборэ Станислав Виктор и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
4.	Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэр Хочуев Алий Таукъан и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
5.	Смирновэ Татьянэ Иван и пхъур Джатэ Тимур Хьалиф и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
6.	Быф Заур Жэмал и къуэр Ахъуэхъу Къанщобий Мухьэмэд и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
7.	Дэш Хьэсэн Іэулэд и къуэр Абазэ Виталий Владимир и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
8.	Соблир Антемыркъан Іэбу и къуэр Бебуэнэй Аслъэн Зулымбий и къуэр	ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу
9.	Іэпщэ Заур Борис и къуэр Узлджэр Амур Мушэхьид и къуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ ЩІыпІэ самоуправлензм и Налшык къалэ Советым и депутатщ	2010 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м	Сыхьэти 10.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 13.00-м нэсыу Сыхьэт 14.00-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17.00-м нэсыу

Сабий куэдым я дадэ Іумахуэ Щомахуэ Амырхъан 100

УщІехъуэпсэн бгъэдэлът абы

Щыпсэуэ зэманым зыдезыгъэкІуу къэгъэгурыкІуэхэм ящыщт 1910 гъэм Кьанщуей (Курп Ищхьэрэ) кьыщальхуэ Щомахуэ Амырхъан. Ар кьыщыхьащІэ езым и дуней тетыкІарами, Іэдэбу, хьэл-щэн зэпІэзэрыт нІуу зэрыщытарами, я тэмакъкІыхьагькІэ кьихьами, зэманыр кьыззэрыгурыІуэн акъылрэ щІэныгьэрэ зэрыбгъэдэлъарами - сытым кьрикІуами, Амырхъан и Іуэхур щыІея кьэхьуауэ кьыщІэкІынкьым. Ар Іей-тІэ? Апхуэдэ щІыхьым уехьуэпсэн хуейуэ араш.

УЩІЕХЪУЭПСЭНИ бгъэдэлът абы: щІэныгьэ нІэт, гъащІэм зыдригъэкІуфырт, кьыхуагьэфащэ лэжьыгьэ Іэнатіэхэр зэмыщхьми, ар псоми дзгъуэру х эзагъэрт. Кьуажэ школри, егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр техникумри, институтри зэщІигъэхьа нэужь, Щомахуэр езыр егъэджакІуэ, итІанэ еджапІэм и унафэщІ мэхъу. ДэнэкІэ игьаэмми, и пщэ кьыдалхьэ кьалэнЫр тэмаму зыгъэзащІэ адыгэ щІалэм и лэжьыгьэм хуэфащэ гулыбтэ имыгъуэтуи кьанэркьым: эи ныбжьыр ильэс 28-рэ фІэкІа мыхьуа Щомахуэ Амырхъан 1938 гъэм ягъэув адыгэбзэкІэ кьыдэжьыу щыта «Социалистическэ Къэбэрдей-Балькъэр» газетым и редактор у. ИтІанэ Щомахуэр ягъакІуэ партым и Бахъсэн райк омым и япэ секретару. Нэхъ нужьыІи абы кьулыкьу Іэнатіэ зыбжанэ зэблихьуащ: политикэмрэ щІэныгьэмрэ гъащІэм щыпхьигъэкІынЫр зи кьалэну щыта «ЩІэныгьэ» обществэм, ди тхыльть тедзапІэм я унафэщІу, республикэм щІэныгьэ Іуэхуэкмкі и минис тру, «Къэбэрдей пэж» газетым и редакторым и кьуэдзэу лэжьащ,

А псоми нэмыщІ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Тхакіуэхэм я союзым 1958 гъэм кьыдигъэкІыу щІидза «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ тхьэмадзу щытар Амырхъанщ, Щэч хэлъкьым, «Іуащхьэмахуэр» адыгэ лъэпкым, ди щэнхабзэм махуэ тхуэхьун папщІэ, Щомахуэм Іуэхуфі куэд зэрилажьам - абы и зэманым журналым кьешэлІа хьуат жыджэру ди литературэм хуэлажьэ тхакіуэ нэхьыжьхэри а лъэхъэнэхэм кьиузщІэрыуауэ щыта щІалэгъуалэри.

Журналым и гъуэгуанэр дахэ, узынщэ хьун папщІэ, абы лэжьэгъу ищІа тхакіуэ, журналист, критикхэм я фэгъу щІалэ Іэзэхэм хуэдэхэр гъуэтыгъуейт: Шэвалокьуэ Петр, Мысачэ Петр, Шырыт Хъэтызэ, Кіурашын БетІал. Журналым и унафэщІу щытыныр ауэ сытми пщэрыльн кьыщащІатэкьым абы - Амырхъан тхэным зэрызэрипщытрэ куэд щІат. Критик Сокъур Мусэрбий зэрыкІиУ нэхъ дэмыкІыу, Амырхъан и Іуэхуэхмкі и минис тру, «Къэбэрдей пэж» газетым и редакторым и кьуэдзэу лэжьащ,

Амырхъан гъащІэм, зэманым тэмэму зыдригъэкІуфу зэрыщытам и нэщэнэщ абы пасэу гу зэрыльытар адыгэ литературэр нэхъ зыхуэныкьуэ Іуэхуэгъуэхэм: сабийхэм яхуэтхэным хуэфащэ гулъытэ зэримыгъэтым. КьыжьипІэ хьунщ а нЫкъ уСанырэр гъэзэкІуэжьыным япэ дыдэу зезыпыытар Щомахуэ Амырхъану. Дыгъ уасэ еджакІу эу, егъэджакІуэу щыта, иужькІэ гъащІэм и курыкупсэм хэтщ цыхухэр нэхъ зыхуэныкьуэ - зыщІэ ІуащІэхэр зыпкъагьу ихьелкІэ! адыгэлІ набдзэгубзаплъэм и кьалэмыпІэм куэду кьыщІэкІыу хуожьэ сабийхэр зэрагъэІуащ, лейр зищІысымрэ фІыр зыхуэдэмрэ цыкІухэм заребгъэлъагъун уСэхэр. Ауэ щыхьукІи, Амырхъан сабийхэм я нэм щІиІуркьым бащтекІуээ гъэсэныгъэ «гъущэр».

Сыт хуэдэ хьэл-щэн мыхъ умыщІэм темытхыхьми, Щомахуэр сабийхэм яхуэгуапэщ, яхуэбзэзфІщ, ар абы-хэм зэратехьущыхьаыр жэм лъакьуэ шкІэ иукІыркьым жыхуаІэм хуэдэущ. Шэч хэмылъу, арат езы усакІуэри сабийхэм фІыуэ кьыщІалъагъур.

Амырхъан и гъусэу литературэм теухуа зэлъщІэхэм уХэтыну школхэм е балигъхэм я лэжьапІэхэм укІуамэ, сытым дежи а зэхуэсхэм бжьыпэр щызыбыдыр Щомахуэрэ - абы и сабий уСэхэрат ирин цыкІури нэхъ дэзыльхэкІыр. Дауэт-тІэ абы уэзремыкьуэпсэнур? Япэрауэ, езыр гушыІэ дахэ зыхэль нэхъыжькьуфу, уигъэпушу эу кьыпхэтмэ, кьимыдэкІэ, уи тхакІуэгъур зэрагъафІэм, зэраІэтым уэрэ ущІэфІыкІмэ... Пцы щхьэ упсын хуей, Амырхъан и гъусэу уежьамэ, уи пщІэри нэхъ ин хьауауэ, уи щхьэри нэхъ Іэтауэ кьэбгъэзэжьырт, Сабийхэм я закъуэкъым Щомахуэ Амырхъан зыхуэтэхэу щытар - абы и кьалэмыпІэм кьыщІэкІаащ публицист тхыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр, романхэр. Абы зэриздэжІащ нэгъуэщІ усакІуэхэм я тхыгъэ куэдри. Дауи, а псори кьалъытащ Щомахуэ Амырхъан 1949 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым щыхагъэхьэмри, абы я гъэ дыдэм ди республикэм гъуазджэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр кьыщыфІащами. А псори гурэ псэкІэ кьилэжьащ зи кьалэмыпІэм тхылъ тІощІырыпщІ нэс кьыщІэкІа, абыхэм ящыщ ку эд, Мэзкуурэ Налшыкрэ я мызакьуэу, нэгъуэщІ кьалэхэми кьыщІэдэзыгъэкІа Щомахуэ Амырхъан.

Щэч кьытетхъеркьым, ди лъэпкъ литературэми хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, лІэщІыгъуэ нЫкъуэм щІигъуауэ кьыдэкІ Амырхъан 1949 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым щыхагъэхьэмри, абы я гъэ дыдэм ди республикэм гъуазджэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр кьыщыфІащами. А псори гурэ псэкІэ кьилэжьащ зи кьалэмыпІэм тхылъ тІощІырыпщІ нэс кьыщІэкІа, абыхэм ящыщ ку эд, Мэзкуурэ Налшыкрэ я мызакьуэу, нэгъуэщІ кьалэхэми кьыщІэдэзыгъэкІа Щомахуэ Амырхъан.

Абы и кьыдэкІ Щомахуэ Амырхъан ихуа усэхэмрэ рассказхэмрэ ухуэкІа хьэлэмэт яІэщ, ахэр Іуэхуэгъуэ зэмылІэужьыгьуэхэм теухуащ, зэхэщІыкІыгьуэу икІи щІэщІыгъуэ гъэпсащ, абыхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ кьарульэщ ябгъэдэлъщ. Щомахуэм и усэ нэхьыфІхэм ящыщ куэдым макъамэ щІалъхьауэ уэрэду жаІэ.

Адыгэ сабий литературэм и зэхуэблакІуэхэм, абы и зыужьныгьэм хэльхьэныгьэфІ хуэзыщІа ди усакІуэ нэхьыжьхэм ящыщи Щомахуэ Амырхъан. ЩодзэщІыкІу Алий и ужькІэ абы хуэфІэкІаш ди сабий литературэр гъуэгуанфхэмрэ ятеухуащ. Абы и тхыгъэхэм ІуищІу кьыхощ щІалэгъуалэм я псэукІэр, хьэл-щэныр, гурыгъуэгурыщІэхэр. Щомахуэм итхащ сабийхэм балигъхэм гурыхь ящыхъуа усэхэр, рассказхэр, очеркхэр, басняхэр, повестхэр, романхэр, пьесхэр. Гъыгъ лІэужьыгьуэ гъэзэль литературэ лэжьыгъэм кьыджІуу, Амырхъан щІыхь зыпыль жылагьуэ лэжьыгьэ щхьэпэ зыбжанэ игъэзэщІащ. Ар хэкуІ ахьырзэману щытащ.

ІэужьыфІымрэ лъэужь дахэмрэ

УСАКІУЭМ и тхыгъэхэр 1932 гъэм дунейм кьытехьэу хуожьэ, ахэр газетхэмрэ «Ямэ лъэбакъуэ» альманахымрэ кьытрадзэу щІадзэ. Щомахуэм и япэ тхыпыыр - «Сабийхэм папщІэ усэхэр» - 1949 гъэм кьыдэкІащ. Амырхъан сабийхэм папщІэ усэ тхыным нэхъ ерыщу зыщрита зауэ нэужь зэманым адыгэ литературэр икьукІэ кьуолІейсызащ апхуэдэ тхыгъэхэмкІэ. Щодзэнщ ыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Елбэрд Хьэсэн сымэ я тхыгъэ мащІэхэрт ди щІэбгъм бгъэдалъхьэну щыІэр. Мис апхуэдэ бгъэдэлъхьэкІэ худиІэу деплъмэ, гурыІуэгъуэ мохьу Щомахуэм и япэ тхылъым и мыхьэнэр. А зэманым (1949 гъ.) къыщыщІэдзауэ усакІуэм и тхылъ щэщІым нэсу адыгэбзэкІи урысыбзэкІи кьыдэкІащ.

Амырхъан и тхылъхэм я куэдагьымрэ абыхэм ящыщ зыбжанэм я фІагьымрэ тхакІуэм и пщІэр лъагу кьаІэтащ. Абы и тхылъ щхьэхуэхэр зэрадзэкІащ адыгеибзэкІэ, аварыбзэкІэ, азэрбайджаныбзэкІэ, балькъэрыбзэкІэ, белорусыбзэкІэ, осетиныбзэкІэ, украиныбзэкІэ, урысыбзэкІэ. Ар щыхьэт тохьуэ Щомахуэм и тхыгъэхэм гулъытэщхуэ зэрыхуащІам.

Сабийхэм папщІэ Амырхъан ихуа усэхэмрэ рассказхэмрэ уухуэкІэ хьэлэмэт яІэщ, ахэр Іуэхуэгъуэ зэмылІэужьыгьуэхэм теухуащ, зэхэщІыкІыгьуэу икІи щІэщІыгъуэ гъэпсащ, абыхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ кьаруль эбгъэдэлъщ. Щомахуэм и усэ нэхьыфІхэм ящыщ куэдым макъамэ щІалъхьауэ уэрэду жаІэ.

УсакІуэр балигъхэми яхуэтхащ. Абы и Іэдакъэм прозэ тхыгъэ зыбжанэ кьыщІэкІащ, псальэм папщІэ, «Бгъэжьым и кьуэ», «Колхозыр мафІэ лыгъэм щыхэтам» повестхэр, «Бгырыс шуэхэр», «Тэрч Іуфэ кьыщищІ пшэпльэ» романхэр, «Нырес фи деж си псальэр», «Шу», «Шы лъэ макъ» усэ тхылъхэр, нэгъуэщІхэри. Ахэр псори зытеухуар гугъуехьакІуэм и псэукІэрщ, и гъащІэрщ, и дуней тетыкІэрщ, и ІуэхущІафхэрщ.

Щомахуэм и кьаІэмышІэм кьыщІэкІащ драмэ тхыгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщи «Арат зэрыхъун хуеяри», «Джэдыкі мат», «Мыбдежым гъуэгущхьэр щызэхокІ», «Суд пащхьэм» пьесэхэр. 1960 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм иригъэкІуэкІа литературэ зэхьэзэхуэм саугьэт кьыщихьащ «Мыбдежым гъуэгущхьэр щызэхокІ» пьесэм.

Зыпэрыта Іэнатіэхэм щІіа фІыщІэрэ ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэту кьалэмыпІэ щІыхь пыльу зэригъэлажьэри кьалъытэуэ, ар мызэмытІэу Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и депутату хахащ, къратащ «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденитІрэ медаль зыбжанэрэ, ЩІыхь тхылъхэмрэ ахьшэ саугьэтхэмрэ. Абыхэм Щомахуэм и пщІэр лъагэу кьаІэтащ.

Куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь, и ныбжьыр ильэс 78-м иту, 1988 гъэм бдзэуэгъуэм и 13-м дунейм ехьжащ сабий усакІуэ щІэрыІуэр, тхакІуэ, жылагьуэ лэжьакІуэ ІэкІуэльакІуэр. Ауэ ар и тхыгъэ щхьэпэхэмкІэ кьыхэнащ ильэс 56-кІэ зыхуэлэжьа адыгэ литературэм. Щомахуэ Амырхъан хуэзфІэкІащ езыр кьызыхэкІа лъэпкъым Іуэжь кьулейр лъэужь дахэрэ кьыхуигъэнэн. Ар абы и фэепль нэхьыфІхэм ящыщщ. Щомахуэр кьызэрытхэмытыжрэ ильэс 22-рэ хьу пэтми, щыпсэуами хуэдэу, абы иджы- ри «сабийгъэуфІэкІэ» йоджэ.

«Сабийхэм папщІэ усэхэр» япэ уСэ тхылъым Іэдакъэщ ІэкІ куэд иткьым, абы хьыьар итхаэм я кьыкьыфІыргщ. Псом хуэмыдэу сабийхэм гурыхь ящыхьуауэ щытащ «Аргъуей псыгьуэ», «Джэдуупщ - дзыгъуэм япщ», «Мэлыхьуэхь» усэхэр. АтІэми абы ита усэхэмкІэщ Щомахуэр тхылъедэхэм кьызэращІыхуар. 1958 гъэм кьыдэкІащ «Уиэ нэхъ» зыфІищІа етІуанэ тхылъыр. УсакІуэр апхуэдэу эдэжр ди Хэку хуитырщ. Абы и тхыгъэхэм щыщІгъэлъэгъуащ мамырыгъэм хапІыкІ щІалэгъуэм и псэукІэр зэрыдахэр, зэрыпасыпІфэр.

Ди сабийхэри балигъхэри хуабжьу щыгуфІыкІащ 1958 гъэм кьыдэкІа «Зэранщу» усэ тхылъым. Абы итщ гупсысэ кьабзэкІэ гъэнщІа хуэзакъэ Чэрим хуэдэ» усэхэр.

«Сабийхэм папщІэ фтхы, зэхэфлъхэ тхылъхэр, ауэ а тхылъхэм яфІэфІу ныкІи яфІэщІэщыгъуэу балигъхэри кьеджэну, кьызэредэуи и гукъэкІыжхэмкІэ и сабигъуэ нэхъ кьыщыхутэжьи хуэдэу...» - жиІогъанд критик Бесленей В. Г. Апхуэдэу тха хьауад Щомахуэ Амырхъан и сабий усэхэм ящыщ куэд. УсакІуэр фІыуэ щыгъуазэт сабийхэм я психологием, я хьэл-щэным, я хьэупсапІэхэм.

ИщхьэкІэ кьызэрыхэдгъэщащи, Щомахуэм и мащІэкъым балигъхэм папщІэ итха усэхэри. Ахэр нэхьыбзу щызэхуэхьэсащ «Нырес фи деж си псальэр», «Шы лъэ макъ», «Шу» усэ тхылъхэм. Мы тхыгъэхэр теухуащ Хэкум, адэ щІынальэм, лъэпкъ хабзэм, нэмысым, цІыхугъэ лъагэм, цІыху гуащІафІэхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэмри. Щомахуэм и усэхэр сыт щигъуи ущиякІуэ пэщІэ. Ди лъэхъэнэм и плъапІэхэр гъуазэ ищІурэ, усакІуэм емышыжу къиІэтащ щІалэгъуалэр гъэсэным епха нэщэнэхэр, ауэ нэхьыбапІэм апхуэдэ Іуэхуэхэр зэрипхыр щыхуэхэр щІэм, дуней зытетым хуэгъэушырщ, нэмысрэ хабзэрэ зыхальхьэныр щІэщ, цІыхубэм кьадэгъэгурыкІуэ щапхьэ лъапІэхэр гъащІэм щахьуэмэным хуэгъэсэныр щ... Нэхьыбэрэ усакІуэм и нэІэ зытригъэтар ди щІыпІэм и щІэбгъэщІ, абы и щІэм тетыкІэрщ, ахэр пэжыгьэм- рэ цІыхугъэмрэ, лъэныкъо гъэфІымрэ Хэкур фІыуэ лъагъунымрэ, зэныбжьэ-гъуэгъэмрэ кьэушыгъэмрэ хуээущинымрщ, хуэгъэсэныр щ.

Щомахуэм и поэмхэм щыщу гу нэхь лъытапхъэщ «ПІыгъэр щагуэщ махуэм», «Щу» жьыхуІэхэм. И прозэ тхыгъэхэми пьесэхэми хэтщ гупсыс гъэщІэгъэнэхэр зи лъабжьэхэр, абыхэм щхьэхуэу уатепсэлъыхь хьунущ.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
педагогикэ щІэныгьэхэм я кандидат.

УщІехъуэпсэн бгъэдэлът абы

Щыпсэуэ зэманым зыдезыгъэкІуу къэгъэгурыкІуэхэм ящыщт 1910 гъэм Кьанщуей (Курп Ищхьэрэ) кьыщальхуэ Щомахуэ Амырхъан. Ар кьызыхэкІа езым и дуней тетыкІарами, Іэдэбу, хьэл-щэн зэпІэзэрыт нІуу зэрыщытарами, я тэмакъкІыхьагькІэ кьихьами, зэманыр кьызэрыгурыІуэн акъылрэ щІэныгьэрэ зэрыбгъэдэлъарами - сытым кьрикІуами, Амырхъан и Іуэхур щыІея кьэхьуауэ кьыщІэкІынкьым. Ар Іей-тІэ? Апхуэдэ щІыхьым уехьуэпсэн хуейуэ араш.

УЩІЕХЪУЭПСЭНИ бгъэдэлът абы: щІэныгьэ нІэт, гъащІэм зыдригъэкІуфырт, кьыхуагьэфащэ лэжьыгьэ Іэнатіэхэр зэмыщхьми, ар псоми дзгъуэру х эзагъэрт. Кьуажэ школри, егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр техникумри, институтри зэщІигъэхьа нэужь, Щомахуэр езыр егъэджакІуэ, итІанэ еджапІэм и унафэщІ мэхъу. ДэнэкІэ игьаэмми, и пщэ кьыдалхьэ кьалэнЫр тэмаму зыгъэзащІэ адыгэ щІалэм и лэжьыгьэм хуэфащэ гулыбтэ имыгъуэтуи кьанэркьым: эи ныбжьыр ильэс 28-рэ фІэкІа мыхьуа Щомахуэ Амырхъан 1938 гъэм ягъэув адыгэбзэкІэ кьыдэжьыу щыта «Социалистическэ Къэбэрдей-Балькъэр» газетым и редактор у. ИтІанэ Щомахуэр ягъакІуэ партым и Бахъсэн райк омым и япэ секретару. Нэхъ нужьыІи абы кьулыкьу Іэнатіэ зыбжанэ зэблихьуащ: политикэмрэ щІэныгьэмрэ гъащІэм щыпхьигъэкІынЫр зи кьалэну щыта «ЩІэныгьэ» обществэм, ди тхыльть тедзапІэм я унафэщІу, республикэм щІэныгьэ Іуэхуэхмкі и минис тру, «Къэбэрдей пэж» газетым и редакторым и кьуэдзэу лэжьащ,

А псоми нэмыщІ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Тхакіуэхэм я союзым 1958 гъэм кьыдигъэкІыу щІидза «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ тхьэмадзу щытар Амырхъанщ, Щэч хэлъкьым, «Іуащхьэмахуэр» адыгэ лъэпкым, ди щэнхабзэм махуэ тхуэхьун папщІэ, Щомахуэм Іуэхуфі куэд зэрилажьам - абы и зэманым журналым кьешэлІа хьуат жыджэру ди литературэм хуэлажьэ тхакіуэ нэхьыжьхэри а лъэхъэнэхэм кьиузщІэрыуауэ щыта щІалэгъуалэри.

Журналым и гъуэгуанэр дахэ, узынщэ хьун папщІэ, абы лэжьэгъу ищІа тхакіуэ, журналист, критикхэм я фэгъу щІалэ Іэзэхэм хуэдэхэр гъуэтыгъуейт: Шэвалокьуэ Петр, Мысачэ Петр, Шырыт Хъэтызэ, Кіурашын БетІал. Журналым и унафэщІу щытыныр ауэ сытми пщэрыльн кьыщащІатэкьым абы - Амырхъан тхэным зэрызэрипщытрэ куэд щІат. Критик Сокъур Мусэрбий зэрыкІиУ нэхъ дэмыкІыу, Амырхъан и Іуэхуэхмкі и минис тру, «Къэбэрдей пэж» газетым и редакторым и кьуэдзэу лэжьащ,

Амырхъан гъащІэм, зэманым тэмэму зыдригъэкІуфу зэрыщытам и нэщэнэщ абы пасэу гу зэрыльытар адыгэ литературэр нэхъ зыхуэныкьуэ Іуэхуэгъуэхэм: сабийхэм яхуэтхэным хуэфащэ гулъытэ зэримыгъэтым. КьыжьипІэ хьунщ а нЫкъ уСанырэр гъэзэкІуэжьыным япэ дыдэу зезыпыытар Щомахуэ Амырхъану. Дыгъ уасэ еджакІу эу, егъэджакІуэу щыта, иужькІэ гъащІэм и курыкупсэм хэтщ цыхухэр нэхъ зыхуэныкьуэ - зыщІэ ІуащІэхэр зыпкъагьу ихьелкІэ! адыгэлІ набдзэгубзаплъэм и кьалэмыпІэм куэду кьыщІэкІыу хуожьэ сабийхэр зэрагъэІуащ, ар абы-хэм зэратехьущыхьаыр жэм лъакьуэ шкІэ иукІыркьым жыхуаІэм хуэдэущ. Шэч хэмылъу, арат езы усакІуэри сабийхэм фІыуэ кьыщІалъагъур.

Амырхъан и гъусэу литературэм теухуа зэлъщІэхэм уХэтыну школхэм е балигъхэм я лэжьапІэхэм укІуамэ, сытым дежи а зэхуэсхэм бжьыпэр щызыбыдыр Щомахуэрэ - абы и сабий уСэхэрат ирин цыкІури нэхъ дэзыльхэкІыр. Дауэт-тІэ абы уэзремыкьуэпсэнур? Япэрауэ, езыр гушыІэ дахэ зыхэль нэхъыжькьуфу, уигъэпушу эу кьыпхэтмэ, кьимыдэкІэ, уи тхакІуэгъур зэрагъафІэм, зэраІэтым уэрэ ущІэфІыкІмэ... Пцы щхьэ упсын хуей, Амырхъан и гъусэу уежьамэ, уи пщІэри нэхъ ин хьауауэ, уи щхьэри нэхъ Іэтауэ кьэбгъэзэжьырт, Сабийхэм я закъуэкъым Щомахуэ Амырхъан зыхуэтэхэу щытар - абы и кьалэмыпІэм кьыщІэкІаащ публицист тхыгъэхэр, рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр, романхэр. Абы зэриздэжІащ нэгъуэщІ усакІуэхэм я тхыгъэ куэдри. Дауи, а псори кьалъытащ Щомахуэ Амырхъан 1949 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым щыхагъэхьэмри, абы я гъэ дыдэм ди республикэм гъуазджэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр кьыщыфІащами. А псори гурэ псэкІэ кьилэжьащ зи кьалэмыпІэм тхылъ тІощІырыпщІ нэс кьыщІэкІа, абыхэм ящыщ ку эд, Мэзкуурэ Налшыкрэ я мызакьуэу, нэгъуэщІ кьалэхэми кьыщІэдэзыгъэкІа Щомахуэ Амырхъан.

Щэч кьытетхъеркьым, ди лъэпкъ литературэми хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, лІэщІыгъуэ нЫкъуэм щІигъуауэ кьыдэкІ Амырхъан 1949 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым щыхагъэхьэмри, абы я гъэ дыдэм ди республикэм гъуазджэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр кьыщыфІащами. А псори гурэ псэкІэ кьилэжьащ зи кьалэмыпІэм тхылъ тІощІырыпщІ нэс кьыщІэкІа, абыхэм ящыщ ку эд, Мэзкуурэ Налшыкрэ я мызакьуэу, нэгъуэщІ кьалэхэми кьыщІэдэзыгъэкІа Щомахуэ Амырхъан.

Абы и кьыдэкІ Щомахуэ Амырхъан ихуа усэхэмрэ рассказхэмрэ уухуэкІэ хьэлэмэт яІэщ, ахэр Іуэхуэгъуэ зэмылІэужьыгьуэхэм теухуащ, зэхэщІыкІыгьуэу икІи щІэщІыгъуэ гъэпсащ, абыхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ кьаруль эбгъэдэлъщ. Щомахуэм и усэ нэхьыфІхэм ящыщ куэдым макъамэ щІалъхьауэ уэрэду жаІэ.

Сабийхэм папщІэ Щомахуэ Амырхъан ихуа усэхэмрэ рассказхэмрэ уухуэкІэ хьэлэмэт яІэщ, ахэр Іуэхуэгъуэ зэмылІэужьыгьуэхэм теухуащ, зэхэщІыкІыгьуэу икІи щІэщІыгъуэ гъэпсащ, абыхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ кьаруль эбгъэдэлъщ. Щомахуэм и усэ нэхьыфІхэм ящыщ куэдым макъамэ щІалъхьауэ уэрэду жаІэ.

Щомахуэм и поэмхэм щыщу гу нэхь лъытапхъэщ «ПІыгъэр щагуэщ махуэм», «Щу» жьыхуІэхэм. И прозэ тхыгъэхэми пьесэхэми хэтщ гупсыс гъэщІэгъэнэхэр зи лъабжьэхэр, абыхэм щхьэхуэу уатепсэлъыхь хьунущ.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
педагогикэ щІэныгьэхэм я кандидат.

Урысейм и ТхакІуэхэм я съездым кьырагъэблагъэрыахэм яхэ щІ ди республикэм икІа усакІуэхэу Елгъэр Кашиф (1), Щомахуэ Амырхъан (2), Макитов Сэфар (3) сымэ. *1970 гъэ*

Ди тхакІуэхэу Хьэхъупащ Хьэжбэчыр, Щомахуэ Амырхъан, Отаров Керим, Макитов Сэфар, Елгъэр Кашиф сымэ. *1968 гъэ*

Щомахуэ Амырхъан и усэхэр

Школ зи щыпэкІуэхэр

ГуфІэгъуэшхуэ я нэгу щІэту
ЦІыкІухэр нобэ нэху кьекІащ.
УэфІу, дыгъэр кьащхьащыту,
Я уэрамхэм кьыдэкІащ.

Бжьыхь махуэр ягъэльапІэ,
Школым ахэм я щыпкъІуэу.
МакІуэ пІащІэу я хъуэсапІэм,
Нэжагъжащ, уепльам гуакІуэу.

МакІуэ зейхэм ядэщІыгъуу,
Формэ дахэ хэтп щыгъыу,
Уэ гъэгъагъэ Іащлэм изу,
Дэрэжагъуэр я гум щыІу.

«Фыкъеблагъэ, фыкъеблагъэ!» -
Егъэджакіуэр ахэм Іуощ,
Уда гъэгъакІэ ар щІагъанэ,
ЯгукІи ахэр зэкІэротщ.

Егъэджакіуэр япэ иту
Ахэр иджы школым щІохьэ.
ЩІохьэ дахэу зэбгъурыту,
Я гугъэфІхэр ахэм щІахьэ.

Нэхущ классыр, хуитщ классыр,
Партэ лахэр мэлыд, дэгъэщ -
ТІурытІыххэу зэбгъадэсыр, -
Яльагъу псори я щІэщыгъэщ.

Я буквархэр, хъэрфхэр пІащэу,
Кърат псоми, ари щІэнІщэу.
Зэн уи гум щымыгъущэу,
Итщ сурэтхэр, щІащ дагъэнІщэу.

Еджэ иджы, зи школ кІуэгъуэ,
Зи Іуэгъу дахэ, зи гъуэгу нахуэ!
УиІэщ школу унэ дэгъуэ,
Уэ щІэнхьауэ лъапэ махуэ!

Зэранщу

Джэдхэр кьакъэу, зэрызехьэу,
Бжьыхьым, бжьхьым ныдольёт.
Хэту пІэрэ зэранзехьэу
Хьаблэ джадхэр зыгъалъэёр?

Джэду хуэзэм, кьеубыдри
ИреГъащІыр ислъамей.
Льэрмыхь хуэзэм, ирсудри,
Хольэджжыр бэрэжьеём.

КьытекІуэну нэхъ лъащ хуэзэм
Хьэ сабыру зеущэху,
Лъакъуэ псыгъуэр щІжІэзыізу,
Шахум хуэдэу и фар поху.

«Хьэф, хьэф!» жиІэу, бащкІэ пыджэу
Гъунэгъухьэр кьыдегъэж.
Льыкьыр ихьыдэу кьыкІэлъыджэу
Уэрам пхэжьым зыдедзэж.

Чышым тесу кьыдджажэ,

Псоми жаІэр: «Мес шууейр!
Зэран хьунущ ар екьамэ,
Ар сыт щІалэ, а щыкІейр?»

Школьм щІэсмэ: «Мыр сыт?» жаІэу,
ТыкьыпІэшІещ, мэкъуейщІей.
ПероР хиІуу, зикІ мыдаІуэу
Кьыбгъурысыр дрегъальей.

Нькъуэкъуэхьыу мис а щІалэм
И деджэгъур партэм деху.
Лъакъуэр щІидзэр игъэджалэм,
Иту зэгъауэ жеІэр: «Уэху!».

Ауэ доскам ираджамэ,
ЩІалэр мэхъур зауэ кьыкъ.
И урокыр имыджамэ,
ЖеІэр уэу и тэмакъ.

Псэльэжьыру кьыпхэуэщІанкьым,
Дагуи хьауауэ кьыбжьІэнщ.
Сыти жеІэ, зихищІанкьым,
Іэмал куэдым ар еІэнщ.

«ЩІакъуи» хьауауэ, мащІэу хэщІэу,
Доскам щІалэр кьыІуокІыж.
КьыщщыщІари кьыпхуэмыщІэу
Партэм щатэу дотІысхьэж.

Ауэ еджэн яухакъэ -
И «уэ» псори мэкІуэдыж.
Школ уэздкьинэр зэ кьеуакъэ -
Школым япэ кьыщІожьж.

Уиэм кІуэжу ар гъуэгу тетым,
Хамэ хадэм щхьэдольых.
Хьуа-мыхьуамэ зыгуэр пытым,
ЕфыщІ жыгыр, напэтехщ.

Хэт ищІэну и унаІэр
Ди школ хабзэм щхьэдахэм?
Хэту пІэрэ абы и щІэр
Ныбжьэгъу напэр тезыхам?

Кьеупщіамэ зищІысыщІу,
И щІэ дыдэр абы Щущ.
ЩІэфІэщ джаиз сэ хуэзмыщІу
ФІэсщащ абы Зэранщу!

Хэту пІэрэ си букварыр?

Хэту пІэрэ си букварыр
Нэщхьей дыдэу цыкІухэм
кьеплъыр?
Сыту пІэрэ хуэмыгъэвыр,
ЖимыІэфун и гум ильыр?

И жинт тІэкІури, епльъ, чэтхъащи,
Тхылъым ещхьу фа тетыжкъым.
Напи зэхэси зэІыгъхащи,
ЗэкІэльыкІуэу уеджа хуэхъкъым.

ЩІэплъ, ириклуэ уэ а тхылъым -
Бжьыгъэ защІэщ напэ кьэскІэ.
Бадзэ щощтэ фІейуэ тельым, -
Аращ жаІэр, ар щалъагъукІэ.

Напэ куэдри шакъэ защІэщ,
Хьэрф итауэ кьыпхуэщІэжкъым.
Ар зейр иджы, улым, кьащІэ,
Дуней тхылъым ильагъужкъым.

И лъэтущІэтми едэр тхылъыр,
Ехуэхами кьыщтэжьинкъым.
И жагъуэгъуущ ар зэрепльыр,
МафІэм исми иту щІэгъункъым.

Щылъщ букварыр, сабэхъумэу,
Зэзэмызи ар мэкІийр.
Хэту пІэрэ зымыхъумэу
ЛъаІуэу и Іэр зыхуэпшийр?

«Хъунут иджы зейр кьыджепІэм,
ЗыщІар тхылъыр шхыдзэрей!»
Ари, цыкІухэ, щэхуу ижесІэм:
Ди Бот щІалэрщ - аращ зейр.

Дыхуейкъым зауэ!

ГущІэгъуншэу бзаджэщ зауэр,
Щыхум и гум и шэр хедзэ.
Унэ кьэскІи щІехьэ гуауэр,
Губгъуэм, гъавэм мафІэ щІедзэ.

Щыху жагъуэгъухэм щІыр зэІащІэр,
ЗэщІагъэстри зауэ гущІэ.
Анэ мащІэ ягъэгъэкъым,
Сабийм щхьэкІи я гур узкъым.

Ауэ дэри - зыхьдощІэ,
Мыр зи псалъэм хуэтщІу фІыщІэ:
«Сабий псоми - мамырыгъэ!
ЖыфІэу ёопщэ, жьы щІегъэу.

ЯмыщІакъэу хъуащ псыІэгъэ,
КьыфІощІ хъуауэ ар уІэгъэ.
И дамитІыр кьоолІалъ,
Хъужкъым ахэр зэкІощІкъ.

Тауэанымь, абдей уепльым,
Уолъагъу и гур зэрыхэщІ.
Йощэ Іэгум, ар зэрылъым,
Мыпсэужу зэм кьыфІощІ.

Ауэ дыгъэр кьыщыгтепсэм,
ПсынщІэ дыдэу мэгъущыж.
Хьыджэбз щыкІур зыхуэзупсэм,
ПщІэуэ, и псэр кьыхохьэж.

И хущхъуэгъуэр арт кьыщІауэ, -
**

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Сабий джэгукІэхэр

ЩІакІуэкъуэплъ

ПШАПЭР зэхэуауэщ щыджэгуу щытар. ЩІалэ щыкІуХэм гупитГ защІ. Абы пхъэидзэкІэ къащІэ техьэнумрэ темыхьэнумрэ. Техьахэм я тхьэмадэр щІакІуэ щагъым (упщІэмэ зы хъыдан гуэрми хъунущ) щІагъэтІысхьэ. УпщІэ ямыІэмэ, и нэхэр щапхэри бжьыхь джабэм деж е жыг пІабжьыбэ тІысыпІэ щащІ. А тхьэмадэм и гупыр зы къэмынэу абы и пІыырщ, и хъумакІуэщ.

Адрей гупыр пъэбакъуэ 30-40 ХуэдизкІэ Іуокіри, я гъунапкъэм зы тур гуэр тращІэ, абы къыфІэмыкІыну. Иджы темыхьакъэм я тхьэмадэм и унафэкІэ щІалэ щыкІуитІ кхъахокІри, адрейхэм я деж хьэщІапІэ е зекІуэ макІуэ. Аэхэр къыщаІэтарГыкІэ, пІыырхэр кьоГуо: -Хэт къакІуэр? - жаІэри.

Мыдрей тІум заущахуаэ икІи жамыІэІауэ адэкІэ кІуатэ хъунущ, пІыырхэр дапщэрэ къэмыгуоуами. Ауэ зэ къызэтеуІыпІуэ адэкІэ щІадзэжу кІуатэу хэтхьым.

ЩІалэ щыкІуитІыр зыри жамыІэу лъэбакъуэ ныкъуэ нэхъ мыхъуми, ячурэ кІуэтэхукІэ, пІыыр хэми абы я бгъуитІыр яІыгъыу, ауэ абы-хэм лъэбакъуитху-хыкІэ апэжыжьэу и щІыб защІ, икІуэтурэ. ЩІалэ щыкІухэр щыкІуатэкІэ пІыырхэр абы я щІыбагъым къыдэнэу хэткъым.

Зекіуэ къэкІуахэр къэпсалъэ нэхъри, я лъакъуэхэр тІэкІу-тІэкІуурэ ягъэкІуатэрэ техьа гупым нэхъри гъунэмкъ ящыкІуатэ, нэхъ къащтэ. Ар лІыгъэу ялытэ. Лъэбакъуэ зытхух нэхъ къэмынэу ахэр тхьэмадэм щыбгъэдыхьэм деж, пІыырхэр нэхъри зэрогъэкІиІ: «Хэт къэкІуа, хэт къэса? - Ауэ тхьэмадэр къэмыупщІауэ хъущІэхэм (зекІуэлІхэм) зыри жаІэркъым, пІыр хэми, псалъэ, зэрыгъэкІий мыхъумэ, зыри ящІэркъым.

Сытми, щІакІуэм къыкІуэпІэ тхьэмадэм хьэщІэхэр къэкІуэтэжкІэ щІэмыупщІэурэ ахэр гъунэгъу зыхуеящІ, ауэ къэувыІауэ щІлъагъукІэ щІоупщІэ:

- Хэт фыхъуну, дэнэ фыкъакІа?

- Дэ дыхьэщІщ, - жаІэ щІалэ щыкІуитІым, зэрыхъукІэ я макъыр яхъуэжри. АдэкІэ абы пащэІаркъым, нэхъ мащІэрэ зэрыпсэльэным хэтщ.

Хэгъэрейхэр, тхьэмадэри яхэту, яужь нтщ хьэщІэхэр къагъэпсэльэну. Абы Іэджэ жраІэ, чэнджэщ ират, йопущІхэр:

- Ди хьэщІэщыр фцІыхуэрэ? Феблагъэ абыкІэ, пщІантІэм хьэ дэлъхьэм... Нэгъэущ Іэджэхэри къраГэкІуэжі.

ИкІэм-икІэжьым хьэщІэхэм зэпеуэу жаІэн хуейщ: дэ дыхьэщІэкъым икІи дызекІуэлІкъым, мыр Дыгъэвщ, сэ сы-Мыщэщ, е мыр абрэджщ, сэ сышьдыхъэщ. Абы и ужькІэ щІакІуэ щІагъым щІэс тхьэмадэр, ахэр я макъкІэ къыхуэщІыхуами къыхуэмыщІыхуами зэхэгъэж имыІэу, ящІэгуо:

- Дыгъужьыр е абрэджыр Іэкъуэмщ, Мыщэр е шыдыхьэр Ахьмэщ.

А тІыри я макъкІэ тхьэмадэм къищІыхуфамэ, зыкъагъэкІэрахъуэри псынщІэу къыщІоцІыпхьжьхэ, пІыырхэм зыкъэрамыгъэубыдыным хэту, зыщІадз-зыкъыщІадзу. Мыщэмрэ дыгъужьымрэ къаГэщІэмыхьэІауэ турым деж къэсыжамэ, абы и гъусэхэм я Іэкэ зэрыубыдауэ хъуреягъэ щытщи, тІум я Іэр зэроутІыпщ (кхэбжэ ящІри), къэсыжаХэр пщІантІэм дагъэлъэдэжьну.

КъэхъункІэ мэхъу ахэр кІэщІу къэзыхъу пІыырхэм ящыщи щІихьэу а пщІантІэм къыдэхутэщ. Абы щыгъэ ар езыр гъэр хъуауэ аращ.

ЩІакІуэ щІагъым щІэс тхьэмадэм щІалэ щыкІуитІым я зыр къищІыхуу адрейр къэкъуэмыщІыхуамэ, пІыырхэм закъэримыгъэу-быдыну къыщІэщІывэжьыр къищІыхуаращ. Адрей къимыщІыхуам езыр зэгуакІуэр (дауи, абы къыхишыр пІыырхэм ящыщ нэхъ жэр, и гупым щыкІэ нэхъ щыгъуэ ящІыр щыкІуатэ, ауэ щІихьэу а пщІантІэм ящІыбкІэ ягъэтІыс.

Ауэ мыдрей гупым я пщІантІэм дэлъэдауэ гъэр ящІар яГъэтІысыркъым, атІэ яхэту здагъэджэгу, ауэ зыщІапІэ, зекІуэ ягъакІуэркъым. Апхэздэуэрэ зы гупым тхьэмадэм фэжьІа къэмыпхьжыхукІэ гъэр ящІамэ, дауи, а гупыр хонэ, техьа-темыхьами. Тым щыгъуэми, гупхэм зызэрахъуэкІри, джэгум щІадзэж.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

Мэл тхьэмщІыгъуныбэ

МЭПЫМ и кІэтІий гъумыр ягъэкъабзэри, псы щІыІэкІэ яльэс, тхьэмщІыгъур бэлагъкІэ яуб, лы лъахъцэр къыхах, хуэтІатІэу Іэкіэ япІытІ, мывэ хищІамэ къыхах. Абы мыцІыкІу дыдэу зэпыупщІа щэ тхъурымбэ, бжьыныщхьэ упщІэта, шыгъу, шыбжий плыжь, бурщ, бжьыныху, джэдГын халЪхьэ, псы щІыІэ хакІэри фІыуэ зэІащІэ. ИтІанэ кІэтІий гъумыр тхьэмщІыгъумкІэ якудэ, и кІапэр папхыкІ. Ар шыуаным иралъхьэ, щІигъанэу псы хуабэ щІакІэ, шыгъу хадзэри, тхьэмщІыгъуныбэр къэпщыхь мафІэ щабэм тету яГъавэ. ИрагъэкІэ лэпсым бэлагъкІэ къыхах, Іэнэм тралъхьэ, и кІапэ пыпхыкІар къраГэутІыпщри, бэлагъкІэ и кІыхьагъкІэ тельэщІыхьурэ, бахъэ пщтырыр къраГэкІ. Ар папхыкІыжь, къызыхахэ Іэпсым халъхьэжри хъэзэр хъуху - сыхьэтрэ ныкъуэкІэ яГъавэ. ТхьэмщІыгъуныбэ вар бэлагъкІэ лэпсым къыхахри, тепщэчышхуэм иралъхьэ, и бахъэ пщтырыр зэрыкІуэу и Іуваг ъыр см 1,5-р хъуэ хъурейуэ зэпаупщІ. Ар щъэзпагъэжкІэ зэкІэрымыщэщу, дагъэ къыщІэжу, мэ гуакІуэ къыхихыу щытщ.

Іэнэм щытраГэувэкІэ, пщтыру тепщэчым Іыхьи 3-4 иралъхьэ. Бжьыныху шыпс фалъэ щыкІуІкІэ гъусэ хуащІ. Пластэ хуабэ дашх. Ди зэманым тхьэмщІыгъури, тхьэмбылри, щэ тхъурымбэри лыжьэжым щІагъэкІ, ауэ щэ тхъурымбэр умыхьажу бупщІатэмэ нэхъыфІщ.

Халъхьэхэр (щыхуипІ Іыхьэ):
КІэтІий гъум тхьэщІауэ - узыхуейм хуэдизТхьэмщІыгъуу - г 750-рэ
Щэ тхъурымбэу - г 450-рэ
Бжьын укъэбзауэ - г 50
Бжьныхуу укъэбзауэ - г 30
Псыуэ - г 220-рэ
Шыгъуу - г 17
Шыбжий фІыцІэу - г 2

● Фэ фщІэрэ?

Псэльафэхэм я мыхьэнэр

Іуэху зи Іуэху Іуэху хуозэри, шхын зи Іуэху шхын хуозэ.

Зыгуэр Іуэху е ешын щыхуэзам деж гушыІэ псалъэу жаІэ хабзэщ.

* * *

Изрэ ныкъуэрэ зэрыщІэркъым.

Бейм тхъэмыщкІэр зыхуей, зыхуэныкъуэ, гугъу езыгъэхь сытхэр зэи къыгурыІуэнукъым икІи зэхэщІыкІынукъым, жыхуиІэу.

* * *

Дзыгъуэр гъуэм имыхуэмэ, фаІэпхъкъэбзыкІэрещІэ.

И Іуэхур щІэмыхъум щхьэусыгъуэ къыхуегъуэт.

* * *

Ущыгу укъэзымылъагъум, утэджкІэ укъилъагъункъым.

Гу нэхъ къыслъатэнщ жьпІэу зумыгъэпИй - уфІмэ, щІыхум укъалъагъунщ, укъащІэнщ.

* * *

Дзасэри мылынцІу, ыри мыцІынэу.

АдрейхэмкІи модрейхэмкІи къезэгъыу, я фейдэ пылъу щытщ. Зи Іуэху еплъыкІэ, гуращэ зэщхьэщыкІ щІыхухэр арэзы щІыбкІэ нэхъ щыгъэрагъэпэщ щытыкІэм теуХуащ.

* * *

ХьэщІэр бгыкъум думыгъэпльэй.

Іэнэм пэбгъапльэу куэдрэ щумыгъэс.

ЩАУЭКъалидар.

● Ільэпкъ шхыныгъуэхэр

Шыбжий сыр хьэжауэ - г 4
Джэдгыну - г 4

Лэпс зэщІэт, мэлыл, кІэртІоф, хугу хэлъу

АБЫ ЩХЬЭКІЭ нэхъ къащтэр мэлым и дзажэращ. Дзажэр зэпауд г 50-60 хъуэ. Псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэ щІакІэ. МафІэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. МафІэр щІыкІуу ирашэхри, шыуаныщхьэр тепІауэ ныкъуэкІэ хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. ИрагъэкІэ абы шыгъу хадзэ, щІэмуэгъэ упщІэта кІэртІоф укъэбза халъхьэ, шыуаныщхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ мафІэ иным тету. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, къагъавэ дакъикьипщІ-пщыкІытхукІэ. ЗэІащІэуэрэ абы хугу лъэса хакІутэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. Хьэнтхъупсыр пэщхьэкум къытрах, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикьитху-хыкІэ щагъэт, нэхъ Іэфі хъуи, зэхэщыпсыжьын щхьэкІэ. Пщтыру ираф, щІакхъуэ е чыржын и Іэусу.

Халъхьэхэр (щыхуитІ Іыхьэ):
Мэлылу - г 300
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 800
КІэртІоф укъэбзауэ - г 60
Хугу - г 40
Шыгъуу - узыхуейм хуэдизБжьын гъэлыбжьэ:
Тхъууэ е щэ дагъэу - г 20
БжьныщІэхэ зэхэщауэ - г 20
Бжьыжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Дыщалъхуа щІыналъэм



Налшык гуэлым и Іуфэр сыт хуэдэ лъэхъэнэми дахэщ.
Сурэтыр тезыхар КЪАРЕЙ Элинэщ.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Насып

ДУНЕЙМ тет дэтхэнэ зы щІыхум дежкІи гъащІэм нэхъ гупыкІыгъуейрэ Іэфірэ щыІэкъым. ЩІыху къэс езыр и акъылкІэ йогупсысэщ щІэпсэум и мыхьэнэм. Зи щІалэгъуэхэм насыпу къалытэр я щхьэхуитныбжьэмрэ гъащІэм къарит дрэжьгъэжьмрэщ.

Зи ныбжькІэ лІыпІэ иуваэу, я щІалэгъуэр ягу къагъэкІыжьи мыхъумэ, абы къыз ЗРИМЫГЪЭЭЖЬНУР зыщІэхэм гурыфІыгъуэу яІэжьар я бын и насып, гуфІэгъуэ яльагъунырщ. Аращ къэмывбэр зэрегупсысыр. Ауэ арауэ пІэрэ насыпыр зэрыхьыр?

Насыпым куэду зэщхьэщыкІыу уегупсыс мэхъу, дэтхэнэ цІыхуми къызэрыщыхьум елытакІэ. Бынри, Іыхьлы гумащІэри, упсэуху узыдэтынша щхьэгъусэри, шхынщыгтІэгъэн щхьэжІэ гукъеуэ уимыІэу узэрыпсэуарэ - псори насып нэрылъагъущ, ауэ зыми имыльагъу хуэдэу, упсэуху ун гум ильа фІыращ, цІыхум шхынкІэ хуэжъулейсызым ират Іыхьэ.

33. Адыгэ лъэпкъым и къудамэ. **60.** Чы ухъуэнщІахуэ.

Къеуэ: **1.** Къэбэрдей-Балкъэрым и цІыхуэ тхакІуэ, «Нэхущ шу» романыр зи Іэдакъэщ Іэкі. **2.** Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **3.** Нартхэм я фадэр къызыхащІыкІыу щыта пхъэщхьэмыщхьэ. ахьшэ жьгъей. **4.** Адыгэ драмтеатрым и дзэгуакІуэу щыта, Урысей Федерацэм и цІыхуЕ зрагъэкІуэкІыну. **5.** Нэхъапэм щІакхъуэ хужь къызыщІэкІыу щыта ахьшэ жьгъей. **6.** Адыгэ драмтеатрым и дзэгуакІуэу щыта, Урысей Федерацэм и цІыхуЕ зрагъэкІуэкІыну. **7.** Нартхэм я фадэр къызыхащІыкІыу щыта пхъэщхьэмыщхьэ. ахьшэ жьгъей. **8.** Адыгэ драмтеатрым и дзэгуакІуэу щыта, Урысей Федерацэм и цІыхуЕ зрагъэкІуэкІыну. **9.** ИрагъэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэ щІакІэ. МафІэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. МафІэр щІыкІуу ирашэхри, шыуаныщхьэр тепІауэ ныкъуэкІэ хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. ИтІанэ абы шыгъу хадзэ, щІэмуэгъэ упщІэта кІэртІоф укъэбза халъхьэ, шыуаныщхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ мафІэ иным тету. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, къагъавэ дакъикьипщІ-пщыкІытхукІэ. ЗэІащІэуэрэ абы хугу лъэса хакІутэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. Хьэнтхъупсыр пэщхьэкум къытрах, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикьитху-хыкІэ щагъэт, нэхъ Іэфі хъуи, зэхэщыпсыжьын щхьэкІэ. Пщтыру ираф, щІакхъуэ е чыржын и Іэусу.

Халъхьэхэр (щыхуитІ Іыхьэ):
Мэлылу - г 300
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 800
КІэртІоф укъэбзауэ - г 60
Хугу - г 40
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз
Бжьын гъэлыбжьэ:
Тхъууэ е щэ дагъэу - г 20
БжьныщІэхэ зэхэщауэ - г 20
Бжьыжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псэ эдауэ

- МЫ ДУНЕЙпсор си закъуэ сысейуэ, сыхуиту, си унафэм щІэту щытагъэмиІ... Уэзгъэльагъунт унафэ зэращІэ зэрыпсэуэр...

- И щхьэ закъуэм фІэкІа, нэгъэуэщым емыгупсысым дуней псор дэнэ къэна, зы къуажэ з щІыкІу зы хьэлэ, уеблэмэ и унагъуэ зыхэсри ІэщІэплъхьэ щхьэнукъым. Сыту фІыт зи щхьэм адрейхэр езыльытыфэ цІыху пажэхэр, хьэлэлхэр, гущІэгъуныхэр мымащІэу къыззэрытхэтыр! Ахэращ мы дунейр щІэгъаГъэри, дыгъэр къыщІепсри, псэущхьэ щІытетри. Зи щхьэ закъуэм фІэкІа емыгупсысхэм хуэдэхэм дунейр къахуэнатэмэ... Дуней щІыпжьынт? Арат зкъэ дунейкъутэж жьхуэлэр?

НЭХУЩЪЭЖПАГУ э.

● Къуажэхъэр

Іэнэ щІагъым щытхъэж

♦ Зы махуэ къалъхуами, зэкъуэшитхур зэхуэдизкъым, ауэ зы щІэ яІэщ.

♦ Пыф-пыф, лъэгубгъуэ, зэразуГІ пэтІинэ.

♦ Ди чэт щыкІу щынэ хужь щІэзщ.

♦ ЩІхьэнтэ щІыІум щыпырхъ, Іэнэ щІагъым щытхъж.

♦ Тхьэмпабгъуэ и къуэ лІы хъурешкъ.

♦ Чей щІыкІу махъсымэ лІэужьыгъуитІ итщ.

Жэуапхэр:

Іэнэ щІагъым щытхъэжрэ, ЩІалэ щыкІуитІ, Тхьэмпабгъуэ и къуэ лІы хъурешкъ.

● Сатыр пІаскІуэхэр

Узыщигъэтхъуну аркъудейщ

Ахэр махуэ кьэс зэхуэс, зэманыр пщІэнщэу зэрамытыгъкІуэдыным теухуауэ зэІущІэ ирагъэкІуэкІыну.

* * *

Абы зыми дзыхь хунщІыркъым, псори езым хуэдэ и гугъэу.

* * *

ЦІыхуфІу ебж езым и закъуэ зыхуей гуэр къыхуэзыщІари.

* * *

Абы и щыуагъэхэр псынщІэу щогъупщэж, ахэр зыми къамыщІа щигугъэм деж.

* * *

Ар къышІыпщытхъуэр узыщигъэтхъуну аркъудейщ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Псалъэжьхэр

ЗэгурыІуэ я Іуэху псынщІэщ

● Зи пІалъэ умыщІэ шыкІэ утыку уимыхьэ, гъуэгу утемыхьэ.

● ФащІэ фІыщІэ зымыщІым, куэдри фІыщІэ ящІыркъым.

● Зы пщІым пэжищэ щІелхъымэ.

● ЩІым зы епТмэ, щэ къуетыж.

● Гъусэ мыхъумыщІэ нэхъ пэ гъущІыпэ.

● И кІэм упытми, гупым яхэт.

● ЗэгурыІуэ я Іуэху псынщІэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** «Адыгэ ...» - Даур Аслъэнэ Хъэнфэн Алимрэ яуса уэрэд цІэрыІуэ. **6.** Бжэ хэлъыну блыным хуащІ гъуанэ. **7.** Къэралым и щІыналъэм и гъунэ. **9.** ХупщІыкІэ зэрагъэтэдж. **11.** Унагъуэ псэущхьэ щІыкІуэ. **12.** Псы кьыуа. **18.** Махъсымэ къызыхащІыкІ зэхэгъэза. **19.** ... мыплъэмэ, нэр плъэркъым. Адыгэ псалъэжь. **20.** Уафэм къеГ мыл тыкъыр цІыкІу. **21.** ПкІэ-льэуэ къэзыкІухь псэущхьэ цІыкІу, зи макъыр псыгуэ. **23.** Ямыупсу щхьэжум кьранэу щыта щхьэц Іэрамэ. **25.** Жьы кьыщсымпщІэ, хьэуар щыпхуримыкъу зэман. **27.** КъуалІэбзэушхуэ. **28.** КІэлъыплъыну, ихъэмэну пІалъэкІэ гъунэгъум, Іыхьлыблагъэм къыхуаГъанэ. **31.** ТхъэмыщкІэм, шхынкІэ хуэжъулейсызым ират Іыхьэ. **33.** Адыгэ лъэпкъым и къудамэ. **60.** Чы ухъуэнщІахуэ.

Къеуэ: **1.** Къэбэрдей-Балкъэрым и цІыхуЕ зрагъэкІуэкІыну. **2.** ПхъэщхьэмыщхьэГуащІэ цІыкІу. **3.** Нартхэм я фадэр къызыхащІыкІыу щыта пхъэщхьэмыщхьэ. ахьшэ жьгъей. **4.** Зи нэхэм фІыуэ ямыльагъу. **5.** Нэхапэм щІакхъуэ хужь къызыщІэкІыу щыта ахьшэ жьгъей. **6.** Адыгэ драмтеатрым и дзэгуакІуэу щыта, Урысей Федерацэм и цІыхуЕ зрагъэкІуэкІыну. **7.** Нартхэм я фадэр къызыхащІыкІыу щыта пхъэщхьэмыщхьэ. ахьшэ жьгъей. **8.** Адыгэ драмтеатрым и дзэгуакІуэу щыта, Урысей Федерацэм и цІыхуЕ зрагъэкІуэкІыну. **9.** ИрагъэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэ щІакІэ. МафІэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. МафІэр щІыкІуу ирашэхри, шыуаныщхьэр тепІауэ ныкъуэкІэ хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. ИтІанэ абы шыгъу хадзэ, щІэмуэгъэ упщІэта кІэртІоф укъэбза халъхьэ, шыуаныщхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ мафІэ иным тету. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, къагъавэ дакъикьипщІ-пщыкІытхукІэ. ЗэІащІэуэрэ абы хугу лъэса хакІутэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. Хьэнтхъупсыр пэщхьэкум къытрах, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикьитху-хыкІэ щагъэт, нэхъ Іэфі хъуи, зэхэщыпсыжьын щхьэкІэ. Пщтыру ираф, щІакхъуэ е чыржын и Іэусу.

Халъхьэхэр (щыхуитІ Іыхьэ):
Мэлылу - г 300
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 800
КІэртІоф укъэбза - г 60
Хугу - г 40
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз
Бжьын гъэлыбжьэ:
Тхъууэ е щэ дагъэу - г 20
БжьныщІэхэ зэхэщауэ - г 20
Бжьыжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ПсынщІэрыпсалъэхэр

Санэху зэраза кхъузанэ

Хур досэ, бор дой,
Хур досэ, бор дой.

* * *

Зазэ и ззэыр ззэзмызэ мэуз,
Зазэ и ззэыр ззэзмызэ мэуз.

* * *

Тыкіуэрэ Кіукіуэрэ екіуу макіуэ мэракіуэжьэ.

* * *

Нанэрэ дадэрэ зэблопсэтъыкІ - къызэблопсэтъыкІыж, зэблопсэтъыкІ - къызэблопсэтъыкІыж.

* * *

Хурсэ, хурсэ, хъурсанэ, Санэху зэраза кхъузанэ.

* * *

Дыгъэ къепсым сыкъ-ригъэпсри, си нэпсыр ткІуэпс-ткІуэпсу къыщІинГъэтъэтъащ.

Уафэм Іуэхур зэрищІщ

«МЭКЪУМЭШ лэжьыгъэкІэ сэ нэхъри нэхъ Іэзэу хэт щыІэ?» - жиІэу зы мэкъумэшыщІ лІы бей гуэр къуажэм дэст. Абы и гъавэр зэи зэтехуртэкъым. Гъэр уэгъу хъуауэ Хъуэжэ абы деж тІэу-щэ уэкъуэ хуэкІуащ, арщхьэкІэ ятритакъым.

- Фи гъавэр щІыз этехур мэкъумэш лэжьыгъэм зыри хэфщІыкІыркъыми аращ, - жиІэурэ къиутІыпщыжат.

Зы гъэ гуэрым лІым гъавэр къыІэщІэмэщІауэ «Хъуэжэ гъавэ и куэдщ» жаІэу зэхихати, уэкъуэ къыхуэкІуащ. КъыщІэкІуэр къыщыжриІэм, Хъуэжэ и Іэпэр уафэмкІэ ишийри жриІащ:

- Уэр сыхъуакъым сэ, Іэнэщ Іу узгъэкІуэжьыну. Уафэм гъавэ къашІэну гуий згъэкІуащи, гуийми гъавэр ярызу къэсыжмэ, зыри уэстынукъым, гуийри нэщІу къехьжми уэстынукъым, ауэ гупІлІым гъавэр ярызу, гупІлІыр нэщІу къехьжмэ, уэхуэдизу уэстынщ, бжьыхьэм къакІуэ, - жиІэри дигъэкІыжащ.

ЩІэупщІэжьын укІытэри, Хъуэжэ хуэкІуащ.

- Гуэр уафэм къехьжа? - жиІэри.

А гъэр уэгъу хъуат.

- Гуийри Іэнэщ Іу къехьжащ, зыри уэстыфынукъым, етІуанэ бжьыхьэм къакІуэ, - жиІэри гъавэр къриМыту лІыр Хъуэжэ къыдигъэкІыжащ.

ЕтІуанэ бжьыхьэр къэсри, аргуэру лІыр къыхуэкІуащ лъэІуакІуэ.

А гъэри уэлбанэрэ хъуат.

- Гуийми гъавэр ярызу къехьжащи, зыри уэстыфынукъым, дызыхуэкІуэ бжьыхьэм къакІуэ, - жиІэри Хъуэжэ етІуанэу лІыр иутІыпщыжащ.

Бжьыхьэ гуэрыр къэсри ещанэу лІыр къыхуэкІуащ. УэфІри уэлбанэри зэщІэту а гъэр екІуэкІат.

- ГупІлІым гъавэ изу, гупІлІыр нэщІу къехьжащи, уэхуэфим хуэдиз гъавэ шэ иджы, - жиІэри лІым гъавэ иритри иутІыпщыжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ
РЕДАКЦІМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаес Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Истэпан Залинэ, Хьжьыкъэр Алик.

ДИ ХЭЩІАПЭР
360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозреватель-хэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхуэщ Іапэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-33-19; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ ІапІэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэ зэныту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынщи и щІэ дальщ федеральнэ нощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щынымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34.
Газетыр 1989 гъэм лыгъэгъаэм и 16-м №П-0065-м щІэту яГхащ.
Зы щыхьэмы газетыр 250-р ыкІощ.
1905 гъэм щыта Революцэм и щІэр зезыкъУ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ, редактору ГъущІо Зариф, корректорхэру Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Ныр Сандрэ Мэлбахьэу Анжелэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №2073